ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ
BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
ÁJINIYaZ ATINDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ

*Qol jazba huqıqında*

**MAGISTRATURA BÓLIMI**

5A111601- Social-gumanitar pánlerdi oqıtıw metodikası (ruwxıylıq tiykarları) qánigeligi 2-kurs magistrantı

**MURTAZAEVA ZLIXA GAYBULLAEVNA**

magistr akademiyalıq dárejesin alıw ushın jazılǵan

# DISSERTACIYASÍ

TEMA: «BALA TÁRBIYASÍ JOQARÍ RUWXÍYLÍQQA BASLAWSHÍ JOL»

| | |
|---|---|
| Magistratura bólimi baslıǵı: | filos.i.k, doc A.Embergenov |
| Magistrant: | Z.Murtazaeva |
| Ilimiy basshı: | akademik J. Bazarbaev |
| Kafedra baslıǵı: | p.i.d (PhD) E.Tilewov |

Kaferdra májilisiniń 2020-jıl 30-may sánesindegi
№10 protokolı menen qorǵawǵa ruxsat berildi

NÓKIS – 2020

**Bala tárbiyası joqarı ruwxıylıqqa baslawshı jol**

Joba

Kirisiw............................................................................................ 3

I-bap. Perzent baxıt aynası

1.1. Salamat bala jigerbentiń mártebeń..................................................... 9

1.2. Dúnyada perzentlikke qatnastıń qıynlasıuı....................................... 14

II-bap. Qaraqalpaq xalqınıń perzentlikke baylanıslı quwanıshları

2.1. Xalqımızdıń perzentti qádirlewge onı álpeshlewge qaratılǵan úrp-ádetleri............................................................................................ 22

2.2. Xalıqtıń perzentke baylanıslı quwanıshlı dástúrleri...........................34

III-bap. Bala tárbiyası joqarı ruwxıylıqqa jol

2.1. Shańaraqta bárkamal áwladtı qáliplestiriw máseleleri.........................45

2.2. Ata-ana tiykarǵı tárbiyashı.............................................................. 58

2.3. Balalardı joqarı ruwxıylıqqa tárbiyalaw ádep-ikramlıqtı úyretiw máselesi............................................................................................ 66

Juwmaq............................................................................................ 76

Paydalanǵan ádebiyatlar ...................................................................... 79

## Kirisiw

Xalıqtıń turmısına enip atırǵan kúndelikli tutınıw zatları, onıń atamaları, mádeniy jańalıqlar, bir xalıq penen ekinshi xalıqtı jaqınlastırıp, uqsatıp atırǵan bir waqıtta insannıń ruwxıy dúńyasına da tásir eteri sózsiz. Ruwxıy dúńyanıń bayıtılıwı jaqsı. Ruwxıylıq insannıń jetilisiwindegi eń tiykar ǵı ólshemleriniń biri bolıp esaplanadı. Sonıń ushın ǵárezsizligimizdiń dáslepki jıllarınan baslap-aq húrmetli birinshi Prezidentimiz «Perzentlerimiz bizden kóre kúshli, bilimli, dana hám álbette baxıtlı bolıp jasawı tiyis»[1], - dep jámiyetshilikke bar kúsh hám imkaniyatlarımızdı jumsaw kerekligin násiyat etken edi. Bul ushın xalıqımızdıń neshshe mıń jıllardan beri kiyatırǵan dástúrlerine, úrp-ádetlerine, onıń tiline, dinine, milliy baylıqlarına, ruwxıylıǵına, dúńya kóz-qaraslarına, oy-pikirlerine tiykarlanıp is tutıwımız lazım.

Bala tárbiyasında xalıqtıń materiallıq, mádeniy hám ruwxıy jaqtan rawajlanıw dárejesi ilim-bilim orınlarında jaslardıń dúńyaǵa kóz-qarasların esapqa alǵan halda olardıń talapların qanaatlandırıw, durıs baǵdarlar beriw, ilim-bilim tiykarların engiziw eń tiykarǵı orın iyeleydi. Sebebi hár bir adam oqıp, bilim alıwı menen onda jámiyetke tán úrp-ádet, minez-qulıq kórinisleri, tártip-intizam qaǵıydaları qáliplesip otıradı. Hár bir xalıqtıń milliy ádep-ikramlılıq sıpatları erte waqıtlardan berli túrli mazmunda, dáwir dárejesi talabı menen ólshenip, bayan etilip kelinbekte, ruwxıylıq tiykarları bolǵan ádep-ikramlıq ideal, milliy qádiriyatlar, xalıqımızdıń úrp-ádetleri, dástúrleri, tálim-tárbiyası ulıwma perzent tárbiyasınıń ózegi esaplanadı. Perzent tárbiyasında xalqımızdıń bay dástúrleri úrp-ádetleri úlken-ruwxıy hám tárbiyalıq ǵáziyne bolıp esaplanadı. Bul idealdı búgingi kúni xalıqımızdıń «Alpamıs», «Qırqqız», «Góruǵlı», «Edige» sıyaqlı dástanlarında ata-babalarımızdıń ana-jer, ata-mákan, onıń tariyxıy rawajlanıwı barısında erisilgen mádeniy hám ruwxıy jetiskenlikleri

[1] Karimov İ.A. Bizdan ozod va obod Vatan qolsin. T. «O’zbekiston». 1994y

menen birge bayan etilip, bular búgingi kúni jaslardı joqarı adamgershilik, milliy qádiriyatlar, milliy sana-sezim ruwxında tárbiyalawdıń deregi retinde qaraladı.

Ózbekstanımızdıń óz ǵárezsizligine eriskennen keyingi túpkilikli ózgerislerdiń tiykarǵı maqseti de milliy qádiriyatlarımızdı qayta tiklew, olardı tálim-tárbiyada paydalanıw hám rawajlandırıw ushın zárúr shárt-sharayatlar jaratıwdan ibarat.

Ótken tubalawshılıq sotsializm dáwirinde milliy ideya, úrp-ádet dástúrlerdiń ruwxıylıqtıń tiykarlarınıń biri ekenligi esapqa alınbaytuǵın edi. Tek tariyxıy kóz-qaraslardan kelip shıǵıp hár bir xalıqqa tán etnografiyalıq derek sıpatında ǵana milliy óner, milliylik belgileri, úrp-ádet dástúrleri bar dep, maǵlıwmat ushın ǵana aytılıp kelindi. Bunıńday kóz-qaraslar ózlikti ańlawda, joqarı ruwxıylıq dárejesindegi xalıqtıń mánawiyatına keri tásirin tiygizip otırdı.

Jas áwladlarda dúńyaǵa kóz-qaras túsinigin jetilistiriwde, milliy sana-sezim, oy-pikirlerdi qáliplestiriwde, keleshegimiz bolǵan perzent tárbiyasında, olardıń tálim-bilimli bolıp dúńya ilim pánine, ulıwma xalıqlıq mádeniyatqa úles qosıp, óz xalqınıń, Watanınıń ullılıǵın, ruwxıy erkinligin bekkemlep, ullı keleshek jolındaǵı islerdi atqarıwına baǵdarlamalar beriw, búgingi kúndegi ilimniń aldındaǵı wazıypalardıń biri bolıp sanaladı. Xalıqtıń ótmishin hám keleshegin bir-biri menen baylanıstıratuǵın, milliy ideologiyanı ámelge asıratuǵın, ilim-bilim orınları, ol jerlerde úlken-kishige ibrat bolıwshı, jeke adamnıń tolıq hám joqarı dárejeli insan bolıp qáliplesiwinde jetik qániygeler úlken mádeniy miyras bolǵan mákanımızda, jurtımızda óz qádiriyatlarımızdı áwladtan-áwladqa jetkiziwshi, ustaz-tárbiyashılar bolıp kelmekte.

Respublikamızda jańa bilimlendiriw tarawın jetilistiriwde jańa tálim-tárbiya teoriyaları, dúńya mámleketleriniń aldıńǵı ideyaları, házirgi zaman texnikası hám texnologiyasınan paydalanıw menen birge oqıw orınlarında jaslardı, shańaraq hám awıl-aymaqta jas óspirimler-perzent tárbiyasında milliy sana-

sezim, milliy kóz-qaras, milliy xarakter, oy-tuyǵılar ruwxında tárbiyalar hám ilim bilim kónlikpelerin ámelge asırıw, ruwxıylıq tiykarları bolǵan milliy ideyalar menen ámelge asırıladı. Bilim dárgayları áyyemgi dáwirlerden baslap-aq, tálim-tárbiya, ustaz-shákirt múnásebetleri, danalıq sózler ortalıǵı bolıp úlken ómir ótetuǵın muqaddes jaylar esaplanǵan.

Watanımızdıń keleshegi házirgi jas-áwladlardıń qanday ideya menen tárbiyalanıwına baylanıslı bolıp turǵan házirgi bir payıtta búgingi tárbiyash-muǵallim xalıq tárepinen toplanǵan ruwxıy baylıq hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlar, dúńya tsivilizatsiyasınıń jetiskenliklerin milliy ideologiyamızdıń qúdreti hám qáwenderligine súyene otırıp ámelge asırıw zárúr. Sebebi joqarı ilim, bilim millet perzentiniń sıpatı, pazıyletleri onıń ruwxıy hám fizikalıq jaqtan quwatlı, ózleriniń dóretiwshilik múmkinshilikleriniń sáwleleniwi menen kórinip turadı. Joqarı dárejeli pazıyletlerge iye salamat áwlad tárbiyası ázelden biziń miynetkesh hám miyrimli xalıqımızǵa tán qásiyet. Jámiyetimizdiń búgingi turmısındaǵı baslı ideallardıń hámmesi de perzent tárbiyası arqalı joqarı ruwxıylıqqa jol tabıw bolıp esaplanadı.

**Temanıń aktuallıǵı.** Perzent tárbiyası barlıq waqıtta da tárbiyanıń eń áhmiyetli bólegi bolıp, kóplegen mashqalalardı júzege shıǵarıp, mashaqatlı miynetti talap etetuǵın quramalı protsess. Óz ǵárezsizligin alǵan Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıqı tariyxta atı qalatuǵın jańa dáwir basladı. Xalıqımızdıń kóp ásirlik arzıw-ármanları iske asıp atırǵan waqıtta birinshi náwbette ámelge asırıw zárúr bolǵan áhmiyetli máselelerdiń biri xalıqımızdıń neshe ásirler dawamında qásterlep bizge jetkizgen miyrastan úyreniw hám keleshek áwladtı óz ata-babasınıń miyrasına sadıq, jigerli, adamgershilikli, hújdanlı adam etip tárbyailaw bolıp tabıladı.

Akademik J. Bazarbaev «Ózligin hám onı ańlaw haqqındaǵı másele dıqqat-itibarǵa turarlıq, áhmiyetli ilimiy-teoriyalıq másele boladı, sebebi ózligimizdiń

tiykarında, túp saǵasında biziń ózimizge tánligimiz jatadı…...Ózligimiz bolsa sol xalıqqa tán filosofiyalıq hám ruwxıy hádiyse. Yaǵnıy zatlarǵa, hádiyselerge, adamlarǵa ózine tán qatnas, ózine tán baha, ózine tán túsinik, ózine tán is-háreketleri, ózine tán tolǵanıw»[2] -dep haqıyqıy insan balasınıń óz ultı, óz jurtı tárbiyasın alıwı jóninde júdá tereń pikirleydi. Bala tárbiyasın usınday kóz-qaraslardan kelip shıǵıp, alıp barıw házirgi kúnniń bilimlendiriw tarawındaǵı eń aktual mashqalalardıń biri bolıp esaplanadı.

**Izertlewdiń maqset hám wazıypaları.** Bala tárbiyası - ulıwma jas áwladlardı tárbiyalaw arqalı keleshek ushın, keleshektegi xalıqımızdıń párawan, abat, ruwxı bay, jetilisken xalıq-el bolıwı ushın tárbiyanıń qırı hám sırın u'yreniw. Bul ushın jańa dúńyaǵa kóz-qarası qáliplesip kiyatırǵan perzentlerimizdi ullı babalarımızdıń turmıstıń hár túrli tarawlarına baylanıslı aytıp ketken násiyatlarınan paydalanıw arqalı zamanagóy kóz-qaraslarǵa, pikirge iye bolǵan ruwxıy dúńyası bay insanlar etip jetilistiriw.

**Temanıń úyrengenlik dárejesi.** Jas áwladlardı tárbiyalawda hám onı turmısqa tayarlawda shańaraq, mektep, litsey, kásip-óner kolledjleri, joqarı oqıw orınları - institut, universitetlerdiń pedagog jámiyetshiligi ózleriniń barlıq kúshleri menen bilimlerin ayamay xızmet etip kelmekte. Bul jolda aldıńǵı tájriybeleri pedagoglar, ilimpazlar bir qansha miynet etti. Atap ayıtqanda: Perzent tárbiyasınıń eń tiykarǵı ózegin álippedey qatar-tártip penen sıpatlawshı «Ádeptanıw»[3], «Milliy ideya - jol kórsetiwshi juldız»[4], «Ruwxiyatımız marjanları»[5], «Ruwxıylıq tiykarları»[6], «Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı»[7], «Ámir Temurdıń jámiyetlik-filosofiyalıq hám tálim-tárbiyalıq oy-pikirleri»[8], «Tárbiya haqqında oylar»[9],

---

[2] Bazarbaev J. Milliy ideya - bizin` ideyamız. N. «Bilim», 2003j. 62-bet
[3] Bazarbaev J. Da`wletova Q. A`deptanıw. N. «Bilim». 1992j.
[4] Bazarbaev J. Milliy ideya - jol ko`rsetiwshi juldız. N. «Qaraqalpaqstan». 2011j.
[5] Bazarbaev J. Ruwxiyatımız marjanları. N. «Bilim». 2008j.
[6] Ruwxıylıq tiykarları. Oqıw qollanba. N. «Bilim». 2009j.
[7] A`lewov O`. Qaraqalpaqstanda ta`lim-ta`rbiyalıq oylardın` qa`liplesiwi ha`m rawajlanıwı. N. «Bilim». 1993
[8] A`lewov O`. A`mir Temurdın` ja`miyetlik-filosofiyalıq ha`m ta`lim-ta`rbiyalıq oy-pikirleri. N. «Bilim». 1997j

«Odob-ahloq - mánaviyat buloǵi»[10], «Bilimdi jańalaw - dáwir talabı»[11], «Tarbiya progressiv ańanalaridan foydalanish»[12] h.t.b.

Joqarıda atap ótken tálim hám tárbiya jolında dóretilgen ayırım miynetler hám ǵárezsizlikke eriskennen keyingi jańasha kóz-qaraslar tiykarında jazılǵan.

**Izertlew ob`ekti hám predmeti**. Izertlewde bala hám onıń tárbiyası boyınsha xalqımızdıń sanasındaǵı hám iskerligindegi basshılıqqa alınǵan tariyxıy etnografiyalıq, filosofiyalıq derekler hám xalıq dástúrleri izertlewdiń ob`ekti boldı. Usınday izertlew jumıslarınıń tiykarında toplanǵan materiallar izertlewge tartılǵan xarakterli ádebiy qural onıń predmeti boldı.

**Izertlewdiń metodologiyası hám metodı**. Biz bul magistrlik dissertatsiyamızda aldımızǵa qoyǵan wazıypanı sheshiwde birinshi gezekte tariyxtıń rawajlanıwındaǵı dialektikalıq printsipke, gumanistlik ulıwma adamzatqa tán bolǵan ob`ektivlik kóz-qaraslarǵa súyendik. Sonıń menen birge usı waqıtqa shekemgi milliy ideyalar, ruwxıylıq tiykarları boyınsha jazılǵan ilimiy monografiyalarǵa, pedagogikanıń tájriybesinde sınalǵan metodikalıq miynetlerden de baǵdarlamalar aldıq. Magistrlik dissertatsiya jumısımızdıń tiykarǵı izertlew metodı birinshi Prezident I.A.Karimovtıń hám Prezidentimiz Sh. Mirziyoevtıń jaslar tárbiyasına tiyisli ilimiy-metodologiyalıq kórsetpeleri retinde tariyxıy salıstırmalı, tipologiyalıq metod xızmet atqardı.

**Izertlew jumısınıń jańalıǵı.** Bilimlendiriw salasındaǵı eń áhmiyetli bolǵan perzent tárbiyasına Shıǵıs oyshıllarınıń hikmetli sózlerinen, milliy dástúrlerimizdegi ádep hám ikramlılıqtıń belgilerinen, dástúr hám meresimlerdiń jaslar mánawiy dúńyasın qáliplestiriwdegi áhmiyetine toqtap ótemiz. Tárbiya haqqındaǵı oy-pikirler, danalıq sózler, usıllar bizge shekem de aytılǵan. Perzent

---

[9] Qayırbaev J. Ta`rbiya haqqında oylar. N. «Bilim». 1991j.
[10] Obidov M. Odob-ahloq - ma`naviyat buloǵi. T. 1991y.
[11] Alımov A`. Bilimdi jan`alaw - da`wir talabı. N. «Bilim». 1996j.
[12] Xojaeva L. Tarbiya progressiv an`analaridan foydalanish. T. 1997y.

tárbiyasın aparıwda aldıńǵı tájriybelerge súyenip, zamanagóy perzent tárbiyasın jánede jaqsılawda, ruwxıy dúńyanıń bay ǵáziynesin tetiklendiretuǵın tárbiya usılların beriwge umtılamız.

**Izertlewdiń praktikalıq áhmiyeti.** Izertlewdiń juwmaqları joqarı ruwxıylıqqa jol tabıwda - keleshek áwladlardı milliy dástúrler, milliy qádiriyatlardıń tiykarların jetik bilip tálim hám tárbiya beriwde; milliy qádiriyatlardı basshılıqqa alıp tárbiya beriw sıyaqlı hár qıylı tárbiya mashqalalarına arnalǵan maqalalar jazıwda, tálim-tárbiya protsessinde joqarı hám orta arnawlı oqıw orınları, kolledj, litseyler ushın sabaqlıqlar, qollanbalar jazıwda hám lektsiyalar oqıwda, arnawlı kurslardı oqıtıwda, metodikalıq qollanbalar jazıwda xızmet etedi.

**Jumıstıń qurılısı.** Jumıs kirisiwden, úsh baptan, juwmaq hám paydalanǵan ádebiyatlar diziminen turadı.

## I-bap. Perzent baxıt aynası

### 1.1. Salamat bala jigerbentiń mártebeń

Insan álemniń jarasıǵı. «Bul dúnyanıń kórki adam balası» dep Ájiniyaz babamız biykar aytpaǵan. Adam – jáhándegi tiri janzatlardıń eń ullısı, eń húrmetlisi, qádirlisi, jaratıwshısı, dóretiwshisi, dúnyanıń tutqası. Pákizelik, ar-namıs, haq niyet, ashıq kewil, ar-uyat, mehir-muhabbat, bekkem isenim sıyaqlı pazıyletlerdiń de iyesi tek adam. Onıń qádemi jetken jerler gúllenedi. Názeri túsken orınlar nurlanadı.

Mine usı ullı insannıń ómirdegi arzıw-ármanı ózinen urpaq qaldırıw hám onıı salamat ósiriw menen tárbiyalawdan ibarat.

Shınında da perzent ata-ananıń janı, tayanıshı, onıń nurnlı bolmısı, sonlıqtan, olar balaǵa mehir-muhabbatın, tilek-úmitin, arzıw-ármanın, jıyǵan-tergenin baǵıshlaydı. Sebebi, perzent insannıń iygilikli islerin dawam ettiretuǵın izbasarı bolıcp, onıń quwatı hám isenimi retinde jasaydı. Dúnyaǵa belgili oyshıl, Ábdiraxman jamiydiń táriyplewi boyınsha:

«Jáhánde eń ullı inamdur perzent,
Perzent bolsa, bolar ómirde jánnet,
Perzent bolsa tolar maqsetler jámi,
Tirishilikte onnan kóziń ráwshan».

Perzentke isenim hám izzet- biziń babalarımızdan kiyatırǵan hám házir de óziniń ósip-órkenlewin tapqan elimizdegi insanıy qubılıs, muqaddes qádiriyat.

Bizler perzent ósiremiz. Ósirgen jańa áwlad qolı menen jańa turmıs qurıwǵa umtılamız. Bul jámiyettiń wazıypalarına da kiredi. Haqıyqatında házirgi bala erteń xalıq qatarına qosılıp, milletiń quram bólegine kiredi. Eger urpaq, biziń ómirimizdiń dawam ettiriwshileri bolmasa. Bunsha alǵa talpınıp rawajlanıwǵa shaqırıwdıń qanday zárúrligi bar dep oylaysań.

Usıǵan baylanıslı dúnyadaǵı tańqalarlıq hádiyse házirgi batıs ellerinde, «ǵalabalıq mádeniyat» degen ideya tiykarında, asa ketken erkinlik, egocentrizm

hámegoizm menen qurallanǵan taypalarddaǵı erkek penen erkeklerdiń, hayal menen hayallardıń nekesi, adamzattıń kóbeyiwine hám onıń keleshegine úlken qáwip bolıp atırǵanı. Sonday-aq, batıstaǵı erli-zayıplılardıń perzentke bolǵan qızıǵıwshılıǵına qarap hayran qalasań. 2014-jılı yanвar ayındaǵı «Argumenti i Faktı» gazetasında jazıwınsha Rossiyadaǵı «Shańaraqqa bala kerek pe?», «Kerek bolsa neshewi?» degen soraw boyınsha sociallıq izertlewde soralǵanlardıń 17 % hesh qanday bala kerek emes, 10 % 1 bala bolsa boladı, al, qalǵanlarınıń kópshiligi 2 bala jetkilikli dep juwap bergen. Rossiyada házir 1 shańaraqqa 1,6 bala tuwrı keledi. Bunday jaǵdayda ol elde xalıqtıń sanınıń azayıwınan, olardıń qartayıwına alıp keletuǵını sózsiz. Sonıń ushıın, orıs ilimpazları 2050-jılları Rossiya xalqınıń 50 % in qıtaylar quramas pa eken, dep boljap atır.

Bunday hádiyseler, biziń elimizge tásir etpey, shetirekten ótip baratır. Sebebi, xalqımızdıń keleshekke úmiti zor, isenimi kúshli. Biziń elimizdiń eresek adamlarına sol sorawlardı qoyǵanda olardıń hesh biri bizge bala keregi joq, dep aytpaydı. Qaysısınan sorasańda «Bizge eń kemi 3-4 bala bolsa» qáne, dep juwap beredi.

Elimizdegi shańaraqlardıń kóp balalıqqa talpınıwı biziń joqarı ruwxıylıǵımızdıń kóriniwi menen birge, xalıqtıń parawan turmısı, hámledarlarǵa, balalarǵa, jas shańaraqqá húkimetimiz tárepinen islenip atırǵan úlken ǵamxorlıǵı, sonıń nátiyjesinde xalqımızdıń keleshekkke isenimi hám elimizdiń turaqlı sociallıq siyasiy, jaǵdayları bolıp esaplanadı.

Bul jaǵday biziń maqtanıshımız, joqarı mánawiyatımız hám babalardan qalǵan muqaddes miyrasımızdıń sharapatı. Aytayıq, biziń babalarımızdıń dáslepki dinlerine bolǵan zartushtiylikte júkli hayallarǵa úlken húrmet kórsetiw buyırıǵan. Kóp balalılarǵa materiallıq járdem berilgen. Eger otız jasqa deyin kúyewge shıqpaǵan qız bolsa, onı qapqa salıp sabaǵan, al otızǵa deyin úylenbey

júrgen erkeklerdiń beline temirden qmar baylap, jurttıń jek kóriwshilik ǵázebine duwshar etken, islam dininde de balanıń haqısıen jew úlken gúna dep eaplanıp, sebepsiz balasın túsirgen, hayallardı yamasa oǵan tásir etken erkeklerdi ólim jazasına buyırǵan.

Bizde balajanlıq qúdiretli instinkt. Ol adamlardıń júreginde miyrimlilik sezimin payda etip, saqıylıqqa, keń peyilikke, álpayımlıqqá baǵdarlaydı. Ballardıń quwanıshlı hám isenimli kózleri qansha adamlardı natuwrı islerden, aqmaqlıqtan, ádepsizlikten qutqarıp qalǵan. Ata-analarda baqırısıp qalıp, bir-birine tásir etiwdiń barlıq qurallarıń paydalanıp bolǵannan keyin bir-birine «hesh bolmasa baladan uyalsań boladı ǵoy» deydi. Bul gápti esitken erli-zayıplılllar dárhal esin jıyıp aladı. Olar bunday jaǵdaylarda óz perzentlerin, shańaraq namısın hám hújdanın saqlaytkuǵın ádeplilik sudı retinde kóredi.

Belgili filosof Platon: «Jer júzindegi barlıq miyrimsizlik adamlardıń menmenligi, olardıń hár qıylı qatlamlarǵa bóliniwi eń dáslep, bala tárbiyasında shańaraqtaǵı sharayattıń bir tegis emesliginen kelipe shıǵadı. Ata-analardıń óz perzentlerin hádden tıs jaqsı kóriwi, «tek soǵan bolsın» degen pikirleri onı hámelparazlıqqa umtıldıradı hám adamlardı bir-birinen ajıratatuǵın, olardıń arasında dushpanlıq oyatatuǵın qásiyetlerdi keltirip shıǵaradı», degen sózi hámme januyaǵa násiyat boladı.

Sonday-aq, belgili inglis jazıwshısı Futlerdiń atap ótkenindey: «Óz ulın hesh bir paydalı iske úyretpegen adam urını ıoaǵıp atırǵan boladı». Demek, ata-ananıń muqaddes wazıypası hám abırayı perzentti dúnyaǵa keltirgeni menen emes, bálki jaqsı perzent tárbiyalaǵanı menen belgilenedi. Sebebi, bala erjetkende ol tek óziniń kim ekenligin bildirp ǵana qoymaydı. Ol ata-ananıń abırayın kóteredi yamasa mártebesin túsiredi. Sonlıqtan ullı shayırlarımız «Saǵan berse saadatlı bir perzent, qartayǵan shaǵında jas eter seni» onıń

atasının dárejesin kóterip, beliniń mádeti bolatuǵınlıǵın kórsetse, «esikke keltirer tórde basıńdı, tilep alǵan ulıń hadal bolmasa», dep balanıń ruwxıysızlıǵınan ákeniń beli búgilip, basın kótere almaytuǵının kórsetedi.

Perzent ata-ananıń jigerbenti. Onıń dúńyaǵa keliwi menen shańaraqqa quwanısh, shadlıq kirip keledi. Shańaraq aǵzalarınıń biri jumsaq kiyim-kenshekke juwırsa, basqaları shıraylı at ushın tartısadı. Demek, onıń jarıq dúńyadaǵı birinshi kúninen baslap jaqınları ushın jaǵımlı, sharaplı «táshwish» baslanadı.

Ata-analar óz perzentlerin mómin hám til alǵısh, ádep-ikramlı, miynetsúygish bolıwın júdá-júdá qáleydi. Olardıń ıqbalı janıwın, keleshegi aydın bolıwın qáleydi. Sebebi, ata-ana ushın perzent turmıs nematı, eń áziz hám qádirli dúrdanalardur. Perzentleri ushın olar otqa da, suwǵa da ózlerin uradı. Áyni waqıtta perzent olarǵa tayanısh.

Bunda ullı babamız Abdurahmon Jamiy bılay degen edi:

Jahonda eng oliy ne`mat farzand,
Farzand bwlur yolǵiz joninga payvand.
Farzand birla twlar maqsuding jami,
Farzand birla qalur har kimning nomi.
Tiriklikda wndan kwzlaring ravshan,
Wlgach, gwristoning aylagay gushan.
Yiqilsang qwlingni tutuvchi noing,
Oyoǵing tayanchi, ketsa madoring,
Beling quvvati u, suyangan toǵing,
Yoshliging, kwz nuring, ravshan chiroǵing.
Dwstlar yordami-la mahv wlsa dushman,
Farzanding jon tikar, boshqalaritan.

Demek, perzentler insanityattıń keleshegin dawam ettiretuǵın izlesleri esaplanadı, sonıń ushın da buǵan olar tayar bolıwı kerek. Xalıq naqılında keltirilgenindey «ata-ananıń muqaddes wazıypası perzenttiń dúńyaǵa keltirgeni emes, bálki jaqsı perzent tarbiyalaǵanlıǵı menen belgilenedi» eken. «Jaman balalar ushın,- degen Maksim Gor`kiy, - ata-ananı jazalaw kerek». Durıs, tárbiyada gáp kóp. «Óz ulın, - dep jazǵan edi ingliz jazıwshısı, Fuller,- Hesh bir paydalı iske úyretpegen adam urını baǵıp atırǵan boladı»

Biraq áne sol perzentlik wazıypasın shın kewilden orınlap atırǵan, ata-anaları júzlerin jarıq qılıp atırǵan, olarǵa alǵıslar alıp kelip atırǵanlar qansha, olar kóp, olar kóbeye bersin, sebebi keleshegimiz olardıń qolında.

Ata-analar áne sol jerge de, kókke de isenbeytuǵın áziyz nihallardı jaqsı adam qılıwǵa háreket qıladı. Biraq mıń ókinishli bolsın nasas balalar barlıǵınan kóz juma almaymız. Demek biz qay jerdedur balalar tárbiyasına jeterli itibar bermey atırǵan sıyaqlımız. Ásirese, házirgi molshılıq dáwirde «toqlıqqa shoqlıq» is tutıwshı «shoq» lar kóbeyip barmaqta. Statistikalıq maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda jıldan-jılǵa jaslar ortasındaǵı tártip buzarlıq kemeyiw ornına kóbeyip barmaqta. Giyabentlik, narkomaniya sıyaqlı illetler jaslar ortasında keń tarqalǵanı sır emes. Buǵan kim sebepshi? Mektep pe? Yaki shańaraq. Bálki átiraptaǵılar ma? Buǵan joqarıdaǵılardıń hámmesi ayıplı. Bala tárbiyasında nasharlıqlar júdá kóp. Turǵınlaq dáwirindegi nahaqlıqlar balalar kóz aldında bolıp, bul olardıń tárbiyasına keri tásir qılar edi. Is penen sózdiń basqa-basqa ekenligi kishkeneliginen-aq dus kelip kishi qálbi jaraqatlanǵan edi.

## 1.2. Dúnyada perzentlikke qatnastıń qıynlasıwı

Perzent tuwıldı, dúńyaǵa jańa adam keldi. Ata-ana ushın qanday quwanısh. Olardıń quwanıshı júreklerine sıymaydı. Bul quwanıshın hámmege esittirgisi keledi. Hámme buǵan quwanatuǵınına shın kewilden isenedi. Dárhal aǵayın tuwısqanları menen jaqın doslarına xabar berip, súyinshi sorawǵa qońsılardıń balaları juwırısadı. Ásirese ana ushın quwanısh ayrıqsha. Sebebi, burınǵı waqıtlarda bala tuwıw ananıń ómiri ushın kútá qáwipli bolǵan, biraz jaǵdayda ólip te ketken. Sonıń ushın da ananı qutlıqlaǵanda «eki janıń aman qalǵanı qutlı bolsın» deydi dosları. Náreste bul ata-ananıń keleshek úmiti sońǵı waqıttaǵı baxıtlı ǵarrılıǵı. Sonıń ushın da eskiden kiyatırǵan besik jırında ana:

Aynalayın aymaǵım

Sút ústinde qaymaǵım,

Ata bolǵanda azıǵım

Shóllegende suwsınım,

- dep kosık aytkan. Perzent bul tek ata-ananın ǵana emes, al jámiyetimizdinde keleshegi. Házirgi náreste keleshekte ata-analarınıń jolın dawam ettiriwshi, rawajlangan jámiyetti qurıwshı millionlardıń biri. Sonıń ushın da náresteniń tuwılıw toyı anaw yaki mınaw shańaraqtıń tek ishki máselesi emes. Bul quwanıshtı házirgi zamanǵa sáykes belgilew, jámiyetlik-sotsiallıq áhmiyetke iye.

Náresteniń tuwılıwına baylanıslı eskiden kiyatırǵan ırımlardıń, dástúr, úrp-ádetlerdiń esap sanı joq. Olardıń hámmesi derlik diniy ırımshılıq penen suwǵarılıp kelgen. Burınları nárestenıń tuwılıwı tolıǵı menen eldi kempirlerdiń (mola, iyshanlardıń hayalları) erkinde bolǵan. Olar náreste tuwılarda «júwen keriwi», «baqan sındırıw», «mal aylandırıw» hám basqa da ırımlar islep, «pirlerin» shaqırıp, «ruwxıy» kúshten «járdem» alǵan. Ananıń jatar ornına

saban tóselgen. Náreste tuwılǵannan sońda «sılaw may jaǵıw», «qırqınan shıǵarıw» usaǵan kóp ırımlar islengen.

Házirgi waqıttaǵı jaǵday pútkilley basqasha. Júkli waqıttaǵı jaǵday pútkilley basqasha. Júkli bolıwdan-aq kelinshek ana ginekolog vrachlardıń turaqlı baqlawında boladı, tuwmastan burın hám sońınan xızmet haqısı tólenetuǵın otpuska beriledi. Bosanar aldında dárhál «tez járdem» mashinası menen tuwıw úyine aparıp, joqarı mamanlıqtaǵı vrachlardıń járdeminde náreste jarıq kóredi. Oǵan aldın ala profilaktikalıq dáriler beredi hám ananıń den sawlıǵına da ayrıqsha ǵamqorlıq jasaydı. Burıngı waqıtta hár bir ırım ushın eltige aqsha, mal tólew májbúriy bolsa, házirgi ǵamxorlıq mámlekettiń esabınan boladı.

Demek, jaǵdaylar túp-tamırınan jańasha bolıp ózgerdi. Al, usı jańa jaǵdayda perzenttiń dúńyaǵa keliwin ata-ananıń quwanıshın saltanatlı etip belgileytuǵın jańa dástúrlerimiz, úrp-ádetlerimiz barma? Bul sorawǵa, tilekke qarsı joqtıń qasında dep juwap bersekte boladı.

Haqıyqatında da shanaraqdaǵı bul quwanıshlı jaǵdaylar hár tárepleme oylanıp islengen jańa dástúrlediń dóreliwin turmıs talap etip atır. Bunday dástúr ózinen ózi birden kelip shıqpaydı. Bul jóninde etnograflar, filosoflar, pedagoglar, shayırlar birgelikte usınıs islewi zárúr. Házir bunday úlgi bolmaǵanlıqtan shanaraq bayramın hár kim ózinshe ótkerip júr.

Geypara adamlar ullı bolsa tapqan-tergenin shashıp, úlken toy beredi, al qızlı bolsa «qutlı bolsın» ǵa kelgen adamlardı kútip jiberiw menen ǵana sheklenedi.

Perzent tuwılıwǵa baylanıslı qaraqalpaqstan jaǵdayında bir jaman dástúr bar. Bunıń mazmunı mınaday: perzentli bolǵan úyge bir qansha doslarınıń yamasa aǵayın tuwısqanlarınıń hayalları jas nárestege arnap dásturxanına shappatay bir kóylek yamasa bir metrdey tawar salıp keledi de perzentli bolǵan

úyden keterde eń bir qımbatlı qáde alıp ketiwdi oylaydı. Bunday jaǵdayda xojalıq iyesi dástúrxanǵa arzanlaw zat salıp kaytarsa «baladan dúńyanı artıq kóredi» dep ókpelesip júredi. Tuwılǵan balaǵa sawǵa alıp keliw álbette jaqsı dástúr. Biraq shımshıqtay sawǵa alıp kelip, túyedey zat talap etiw hesh kanday jónge sıymaytuǵın uyat hám nápisqawlıq bolıp tabıladı. Bunday qonaqtıń dástúrxanın qaytaraman dep, úy iyesi qattı qısınadı, qarızlanıp ta qaladı. Haqıyqatında bunday qonaqtıń kelgeninen kelmegenin jaqsı kóredi. Bunday dástúrge estelik sawǵa alıp barıw haq kewilden hám hesh kanday qaytarıwsız bolıwı tiyis.

Jańa tuwılǵan nárestege sawǵa qanday bolıwı tiyis?

Sońǵı waqıtlarda geypara jerlerde mınaday dástúr taralıp kiyatır: tuwlıǵan perzenttiń atası yaki anası isleytuǵın jerdegi profsoyuz shólkeminiń baslaması menen hár kim aqsha jıynap, shólkemlesken túrde kolyaska yamasa jańa tuwılǵan balalar ushın nabor, oyınshıqlar alıp sawǵa etedi. Bunday sawǵa aparǵanlar zatına zat qaytarıwdı talap etpeydi de hesh kim ókpelemeydi de. Bunday sawǵa álbette joqarıda aytılǵan «sawǵaǵa» qaraǵanda kútá mádeniyatlı.

Solay bolǵan menen de qımbat bahalı kolyaska, balalar kiyimi hám basqalar shınında da, ata-anaǵa járdem etiw ǵana bolıp, keleshek áwlad ushın estelik sawǵası bola almaydı. Másele sawǵanıń arzan ya qımbatında emes, al onıń tuwılǵan náreste ushın uzaq jıllar saqlanatuǵınının qádirli estelik bolıwında. Sawǵa etilgen zattı ata-ana kútá qádirli simvol retinde saqlaytuǵın bolıwı tiyis. Perzent tuwılıwǵa baylanıslı kóp túrli dástúrlerdiń biri-kindik sheshe belgilew boladı.

Burın xalqımızda tuwılǵan nárestege kindik sheshe belgilep, bala úlkeyip, er jetkenge shekem qarasatuǵın hám sol balalı bolǵan úydiń jaqın adamı retinde

qatnasatuǵın bolǵan. Bul dástúre hesh qanday diniy máni joq. Geypara waqıtta kempir-ǵarrılar óz balalarnıń minez-qulqına baha berip: «seniń mına mineziń kindik shesheńniń minezine uqsaǵan» dep otıradı. Demek, kindik sheshe sol xojalıqta nárésteniń ósiwine, tárbiyalanıwına belgili dárejede tásir etedi degen sóz.

Házirgi waqıtta náreste tuwıw úyinde tuwılatuǵın bolǵanlıqtan, onıń kindigin vrach yamasa akusherka kesedi. Tuwılıw úyiniń vrach hám akusherkaları hár kúni tuwılıp atırǵan sonsha kóp nárestelerdiń hámmesine kindik sheshe rolin atqarıwı múmkin emesligin ózinen-ózi túsinikli. Sonıń ushın da sońǵı jılları bul dástúr qalıp baratır.

Biziń pikirimizshe bul jaqsı hám paydalı dástúrdi saqlaw zárúr. Kindik sheshenıń tuwılǵan balanıń kindigin kesiwi shárt bolmawı tiyis. Tuwılǵan nárestege sol awıldaǵı yamasa balanıń ata-ansınıń isleytuǵın jerindegi abraylı, morallıq jaqtan basqalarǵa órnek bolǵanday adamnan kindik sheshe belgilep, sol adam balanıń jaqsı bolıp ósiwine qosımsha ǵamxorlıq etse. Ásirese jas ata-anaǵa balanı durıs tárbiyalawdı úlken járdem boladı. Sonı da aytıp ótiw kerek, bunday dástúr basqa xalıqlarda da bolǵan. Ruslarda bunı «kuma» dep atap, bunıń dáslep hesh qanday diniy mánisi bolmaǵan. Sońınan dinshiler «kum» hám «kuma»ǵa nárestení shoqındırıw wazıypasın júklep, «krestnıe roditeli» dep atap diniy túr bergen. Biraq xalıq onı burıngı mániste-nárésteniń jaqsı adam bolıp jetilsiwinde sem`yanıń eń jaqın dostı dep túsinip kelgen.

Sonıń ushın da keyingi jılları ol jaqsı dástúrdi diniy «qosımtalardan» tazalap, xalıqlıq mánisinde qaytadan turmısqa endirip atır. Tartıs dástúrdiń atamasında bolıp atır biraz joldaslar «húrmetli ata-ana» dep ózgertiw kerek degen hám basqa da usınıslar bar. Álbette, másele dástúrdiń qalay atalıwın da emes al onıń mazmunında. Ózbek, qaraqalpaq, qazaq hám basqalar da xalıqlardıń burınnan turmısına sińip kelgen «kindik sheshe» degen atamanı ol

túrinde qaldırıp onıń wazıypasına házirg jaǵday kóz-qarasına toqtaw maqul boladı.

Latviya SSR da, Kuybıshev oblastında hám basqada biraz orınlardı nárestege «húrmetli ata-ana» belgilew dástúrin keńnen qollanıp, olardıń qolına konkret wazıypalar jazılǵan gúwalıq tapsırıwdı rásmiy ádetke aylandırǵan. Doslarımızdıń bul tarawda toplaǵan tájriybelerin keńnen úyrenip olardan tvorchestvolıq túrde jaǵdayımızǵa sáykes paydalanıw kútá jaqsı bolar edi.

Perzent tuwılıwǵa baylanıslı eń áhmiyetli máselelerden biri oǵan at qoyıw boladı. Tuwılǵan waqıttaǵı qoyılǵan at adamǵa ómirlik boladı. Sonıń ushın ata-ana buǵan ayrıqsha itibar beriwi tiyis. Soń erjetkennen keyin adam óziniń atına ózi uyalmaytuǵın bolıwı shárt.

Burıngı zamanda er balalarǵa at qoyıw kóbinese mollalrdıń erkine berilgen. Olar «kitap boyınsha» balalarǵa Allambergen, Qudaybergen, Allashúkir, Allaqul, Shamsuddin (kuyashtıń dini), Nájmatdin (juldızdıń dini), Muhammed Áliy, Omar, Ospan dep hám basqa da qudayǵa paǵambarlarǵa baylanıstırıp qoyǵan usı arqalı mollalar balalarǵa at qoyıwdıń ózinde «hámmeni dóretiwshi alla», «hámme qudaydıń qulı» degen diniy ideologiyanı adamlardıń miyine endiriwge urınǵan.

«Kitabiy atlardan» basqa hár xalıqtıń ózine tán atları bolǵan. Jarlılıqtıń, ashlıqtıń azabın shekken xalıq perzenttiń jaqsıraq turmısta jasawın árman etip, óz ballarınıń atınıń sońına «bay» degendi kóbirek kosqan. Mısalı: Muratbay, Niyetbay, Qoshkarbay, Reyimbay, Qıdırbay hám taǵı da basqa.

Qızlardıń atın kóbinese ata-analardıń tuwısqan-tuwǵanları qoyǵan. Qız balanıń baxıtlı bolsın, ómiri gúldey bolsın degen niyette olardıń atına «gúl» degen sózdi qosıp qoyǵan: Gúlbahar, Arzıgúl, Ayımgúl, Bazargúl. t.b. Bul atlar házirgi waqıtta da kóp qoyıladı. Qızlarǵa qoyılatuǵın atlar shınında da gózzal hám jarasıqlı.

Ullı Watandarlıq urıstan sońǵı jılları biraz joldaslar balalarınıń atların belgili siyasiy iskerlerdiń, jazıwshılardıń atı menen yamasa ullı adamlardıń familyalarınıń bas háribinen qurap ózinshe at qoyıp júrdi. Mısalı: Bayron, Rollan, Marat, Frunze, Mels t.b. Sonday-aq balalarına Mir, Zamir, Damir degen atlardı qoyıwda dástúr boldı.

Belgili tariyxıy adamlardıń atın, olardıń familiyasın, yaki olardıń familyalarınıń bas háriplerin qurap at qoyǵanı menen bala tap sol adamlarday bola qoymaytuǵının túsingennen son bulayınsha at beriw qoyıldı.

Orta Aziya xalıqlarında burınnan kiyatırǵan qısqa hám kórkem atlar kúta kóp. Mısalı: Azat, Abat, Farxad, Murad, Paraxat Rayxan, Rawshan, Shiyrin hám t.b. Sońǵı waqıtta kóbirek usınday atlar qoyılıwı menen  qatar Temur, Ruslan, Tamara, Zoya, Raya degen hám taǵı basqada kóp russha atlar ádettegishe bolıp kirip ketti.

Perzentke at qoyıw úlken áhmiyetli dástúr biraq at qoyıw qanday saltanatta bolıw kerekligi bizde ele islep shıǵılǵan emes. Ádette ata-ana óziniń aǵayınlerin úyine shaqırıp otırıspaq etip, sol jerde nárestege at qoyadı hesh kanday saltanat bolmaydı. Nárestege at qoyıwa hám oǵan tuwılǵanı haqqında gúwalıq- mámleketlik dokument tapsırıwǵa qalalarda hám oblastlarda kútá úlken áhmiyet berilgen. Mısalı, Leningredta náresteler sarayın ashqan. Leningrad qalalık atqarıw komiteti nárestelerdiń tuwılǵanı haqqında gúwalıq tapsırıw saltanatınıń tártibin bektip hápteniń belgili kúnlerinde sistemalı túrde ótkerilip turadı. Bunday dástúrdi engiziwde Perm, Novgorod, Kuybıshev qalalarında. Baltıq boyı respublikalarında konret jumıslar islenip kóp tájiriybeler toplanǵan. Álbette olardıń tájiriybelerin sol túrinde respublikamızǵa engiziwge bolmaydı. Bul jerde jergilikli jaǵdaydı hám milliy ózgesheliklerdi eske alıw kerek. Sonıń menen bir qatarda barlıq qalalarda hám awıllarda náreteler sarayın salıw múmkin emes.

Biraq ta házirgi bar múmkinshiliklerden paydalanıp bunday dáwrilerdi qollanıwǵa tolıq múmkinshilik bar.

Jas náresteniń tuwılıw kúnin belgilewde anaw yaki mınaw sem`yanıń tar sheńberinen shıǵarıp balanıń ata-anası isleytuǵın kárananıń saltanatlı dástúrine aylandırıw zárúr. Joqarıda aytılǵan basqa tuwısqan respublikalardaǵı qalalardaǵı tájiriybelerden paydalana otırıp, náresteniń tuwıǵan kúnin oǵan «tuwılǵanı haqqında gúwalıq» tapsırıw saltatın qısqasha táriplegende shama menen mınanday tártipte alıp barıw mumkin.

Klub aldın ala bala tarbiyalaw haqqındagı kósemlerimizdiń hám ullı pedagoglardıń sózlerinen tsitatalar alıp jaqsı lozungler turli házil sózler menen kutlıqlawlar jazılǵan plakatlar menen bezelip kútá saltanatlı túrde endiriliwi tiyis. Komissiya tárepinen kesheni ótkeriwdiń tolıq programması islenip, otkritkalarǵa jazılǵan shaqırıw biletleri ata-anası maqul kórgen adamlarǵa tarqatılǵanı durıs boladı.

Bul keshe náresteniń ata-anası ushın ǵana emes, al olardıń aǵayınleri, dosları hám pútkil kollektivi ushın da quwanıshlı saltanat.

Bunnan soń balaǵa at qoyıwǵa ótedi. Zaldaǵı jaqın adamlardan shıǵıp, balanıń atı mınaday bolsın dep usınıslar jasap, ózi qoyǵan attı sıpatlaydı. Bir neshe usınıslardan soń ata-anasınıń qálewi boyınsha bir attı tańlap, merekeniń basqarıwshısı balanıń atın daǵazalap qutlıqlaydı oǵan tilekler bildiredi. Merekege shaqırılǵan ZAGS bóliminiń xızmetkerleri «tuwılǵanı haqqında guwalıq» toltırıp soń onı saltanatlı túrde balanıń ata-anasına tapsıradı. Onnan soń kópshiliktiń aldında aǵayin tuwısqanları, jora-joldasları balaǵa alıp kelgen sawǵaların tapsıradı.

Merekeniń saltanatılı bólimi tamamlanǵan soń sol jerde háweskerlerdiń arnawlı kontsert beriledi. Kontsertten keyin basqa bólmede aldınala tayarlangan banketke baradı. Merekege qatnasqannıń barlıǵı banketke barıwı shárt emes.

Oǵan shaqırıw bileti menen joldasları menen aǵayın tuwǵanları qatnasıp, banket qımbatqa túspewi shárt. Bunday merekede kóbinese ishimlikke emes, al kesheniń kútá kewilli, házilli bolıwına, qatnasıwshılardıń hám mereke iyeleriniń esinde kóp waqıtqa shekem iz qaldırǵanday bolıwına ayrıqsha itibar beriwi kerek.

Biz bul jerde «tuwılǵan haqqında gúwalıq tapsırıw saltanatınıń tek shama menen ulıwma baǵdarın ǵana ayttıq. Bunı hár jerde zeyinlilik, tapqırlıq penen túrlishe shólkemlestiriw múmkin. Eń bas nárse bunda májbúriy bolmawı, tek ıqtıyarlı bolıwı tiyis. Perzentli bolǵan ata analardıń ózleri qızıǵıp, uslay ótkeriwdi ózleri soranǵanday dárejede etip shólkemlestiriw zárúr. Usınday bolmasa bul dástúrge aylanbaydı, tek bir kewilsiz ótken jıynalıstay boladı da qaladı. Al maqset onı dástúrge aylandırıwda.

Ózbek xalqında hám basqada tuwısqan xalıqlarda perzent tuwılıwıǵa baylanıslı júda bir jaqsı dástúr bar. Bul perzenttiń tuwılıwına arnap aǵash egiw. Qanday jaqsı dástúr – adam hám aǵash teń ósedi. Latviyanıń kóp kalalrında, sonday-aq Leningred, Novgorod, Perm` hám basqada kópshilik qalarda, posyolkalarda «jańa tuwılǵanlar parki», «náresteler alleyası» shólkemlestirilgen. Bul egilgen nárësteniń menshik aǵashın dáslepki jılları ata-anaları, tuwısqanları kútip, bala úlkeygennen soń onı óziniń qurdası kútetuǵın boladı.

Bul dástúrdi tolıq engiziw múmkin hám zárúr de. Sebebi bul úlken tárbiyalıq áhmiyetke iye.

## II-bap. Qaraqalpaq xalqınıń perzentlikke baylanıslı quwanıshları

### 2.1. Xalqımızdıń perzentti qádirlewge onı álpeshlewge qaratılǵan úrp-ádetleri

Maxmud Qashqariy babamızdıń «Áwladta shek joq» degenindey áwlad tárbiyası máńgilik jalǵasa beredi. Biz xalqımızdıń bay miyrasınan áwladtı ósiriw dástúrine dıqqat awdarayıq

Salt-dástúrdiń jas áwlad tárbiyası ushın tárbiyalıq áhmiyeti kúshli. Qaraqalpaq xalqınıń salt-dástúrleri - jaslar tárbiyasına bylanıslı, turmıs salt-dástúrleri, sotsiallıq, mádeniy salt-dátúrler bolıp úlken úsh toparǵa bólinedi. Jas áwladlar tárbiyasına baylanıslı salt-dástúrleri-keleshek áwlad ómirge keliwinen burın burın baslanatuǵın milletti qáliplestiriwge arnalǵan úlken masele. Bul máselege júkli bolǵan kelindi kútiw, áyeldi bosandırıw, súyinshi, kindik kesiw, shillexana toyı, balaǵa at qoyıw, balanı besikke salıw, balanı qırqınan shıǵarıw, náresteni til kózden saqlaw, tusaw kesiw, tilashar, balanı súnnet etiw, balanı sınaw, balaǵa ata-tegin úyretiw, miynet etiwge tárbiyalaw dástúrleri kiredi. «Uldıń uyatı ákege, qızdıń uyatı sheshege» - dep qaraǵan xalqımız ul balanı tárbiyalaw atanıń, qız balanı tárbiyalaw analardıń isi bolıp sanalǵan. Jas áwlad tárbiyası - keleshek jámiyet muragerlerin tárbiyalaw isi. Bul mámlekettiń áhmiyeti úlken juwapkerli is. Deni saw bilimli, sezimi sergek, aqıl-oyı jetilgen «segiz qırlı, bir sırlı» abzal azamat ósiriw isi ásirler boyı, oy-árman bolıp keledi. Usı árman dene, aqıl-oy, adamgershilik, kásiplik hám estetikalıq tárbiya arqalı áwladtan-áwladqa zamanlar boyı xalıqtıń salt-dástúrler menen úrp-ádetlerdi marapatlap, sińirip, iske asırılıp otıradı. Biz shıǵıs dástúrinde jas áwladtı tárbiyalawdı Orta ásirde Ibn Sina kanonına jaqın desek te boladı. Izertlewlerge qaraǵanda qaraqalpaqlar balanıń kindigi túskennen keyin qırıq kún boyı sabınlı jıllı suw menen balanı shomıldırıp, qurǵatıp sıpırıp, may menen sılaydı. Geyde altı hápte boyı balanı kún sayın qalampır qosqan may menen sılap, duzlı suw menen shomıldırǵan. Duzlı suw bala denesin shiratıp, teri awırıwlarınan

saqlaǵan. Hár bir shomıldırǵan sayın balanı sıypap, massaj qılıp, barlıq denesin may menen, maylap basın óz pishinine qaray sıypap, bastıń domalaq pishinin keltirip otırǵan. Balanıń ayaq-qolın sozıp, búgip, gewdesin uwqalap, denesin áste sozıp otırǵan. Bala besikte bólewli jigirma saǵatlap jatatuǵın bolǵanlıqtan usınday sılaw, sozıw júdá áhmiyetli bolatuǵını sózsiz. Ibn Sina tap usıǵan uqsas balanı kútiw tuwralı bılayınsha jazǵan: «Nàresteni bólewden sheship alǵanda aldı menen barmaqtıń ushı menen barlıq denesin sıypap, ayaq-qolın sozıw balanıń denesin kórkem pishinge keltiredi. Deni saw balanı kindigi túskennen keyin bir hápteden soń besikke bólew kerek» delingen. Bul haqqında ullı alım Iliyas Jansúgirov bóbek bólewdi bılayınsha súwretleydi:

**Bóbek bólew (Ana jırı)**

Ból-ból, bóbek, ból, bóbek
Buldirshin shúmek bayterk,
Balalı úyrek, bas barmaq,
Kishkene bóbek, bes bólek,
Sawsaqayı salbırap,
Bólene qoysın qos bilek,
Bóleyin beri kel,bóbek,
Bederli besik, tórt esik,
Tógilte saldım ter tósek.
Bópeshim, besik-otawıń,
Otawıńa kir, bóbek.

**Balanı bóleytuǵın besik túrleri hár qıylı bolǵan**

I. Jer besik-jasalıwı boyınsha

1) iyip jasalǵan besik

2) tik jasalǵan besik

II. Jel besik-materialı boyınsha

1) Tal besik, 2) Qayıń besik, 3) Qaraǵay besik

**Besik jabıwları:**

1. Besik kórpe, 2. Jórgek, 3. Qolbaw, 4. Qus kópshik,

5. Qus tósek, 6. Dize baw, 7. Dize kópshik 8. Túbek múyek (kepil)

**Besiktiń qurılısı:**

1. Aldıńgı bas (bógen), 2. Artqı bas (bógen), 3. Belaǵash (arqalıq arıs)

4. Jaqtaw. 5 Jorǵa (taban), 6. Sabaw, 7. Taqtay, 8. Túbek, 9. Shabaq, Shúmek.

**Bala tárbiyalawdaǵı úrp-ádetlerge kelsek**

Qursaq shashıw - júkli bolǵan kelinniń enesi awıl háyellerin shaqırıp qonaq etedi. Olar óz úylerinen bir-birden awqat pisirip ákeledi. Onıń sebebi - kelinniń jerik bolıp júrgen asın tawıp beriw.

Jarıs qazan - tolǵata baslaǵan kelinniń enesi qısıp saqlaǵan barın qazanǵa salıp, «jarıs qazan» asıw ǵamına kirisedi. Bul-kelin tez bosansın degen niyetten payda bolǵan ırım.

Shillexana - jańa tuwılǵan náresteni hár túrli «jin-shaytan», «perilerdiń» salqınınan, qorǵap, gúzetiw ushın ótkiziledi.

Súyinshi - aqlıqlı bolǵan apası súyinshi soratıp jas balalar menen kelinlerin jan-jaqqa jiberedi.

Balaǵa at qoyıw – Nárestege úsh kúnnen qalmay at qoyıladı.

Besik toyı – Kindigi túsken balanı bes kúnnen keyiin besikke saladı.

Balanı qırqınan shıǵarıw – qırıq kún tolǵan soń nárestenіń «sút tırnaǵı» menen «qarın shashın» alıp, teńgeler salǵan ıdısqa qırıq qasıq suw quyıp, shomıldıradı.

Súnnet toyı – er balalardı 5, 7 yamasa 9 jasında súnnet etedi.

Toqım qaǵar – bala birinshi ret úyinen alısqa jollanǵanda ótkiziledi.

**Júkli bolǵan kelinge islenetuǵın úrp-ádetler**

Keregege oramal baylaw – Kelininiń júkli bolǵanın sezgen ene «Atamızdıń árwaǵı bilip, qollap júrsin» dep awıldaǵı úlken úydiń oń keregesine aq oramal baylaydı.

Qursaq shashıw – kelin jerik bolǵanda kishigirim toy (qursaq shashıw) isleydi. Olar óz úylerinen bir-birden awqat pisirip ákeledi. Onıń sebebi-kelinniń jerik bolıp júrgen asın tawıp beriw.

Jua menen awqatlandırıw - kelinniń ishteyin ashıw ushın jua ákelip jegizedi.

Saqkız shaynatıw – «ishtegi bala shımır bolsın» degen niyet.

Saz, topıraq, qızıl irimshik jegiziw – balanıń súyegi berik bolıw ushın jegizedi.

«Kelin kewili» bas qosıwın ótkiziw – kelinniń kewilin kóteriw ushın jaslardıń bas qosıwın shólkemlestiriw.

Arqan espew – bala kindigine oralıp qalıwı múmkin.

Teńdi buwıw, qaptıń awzın jabıwǵa ruxsat etpew – kerisinshe, jabılıwlı zatlardı ashıwǵa, buwıwlı nárselerdi sheshiwge boladı.

Túye góshin jemew – Júkli háyel balasın 9 ay emes 12 ay kóteriw múmkin.

Kelinniń etegin búriw, dalaǵa jalǵız shıǵarmaw – túsik boldırmaw ushın islenedi.

**Kindik kesiwge baylanslı úrp-ádetler hám kindik sheshenin atqaratuǵın wazıypası**

Júkli bolǵan áyeldi kútiw – eki jas qosılıp, úylengen kúnnen-aq kindik sheshe bolıwdı qálep alatuǵın áyeller boladı. Ol ushın aldı menen eki jastı arnap qonaqqa shaqırıp, óz dásturxanınan dám tattıradı. Usınnan keyin eki úy arasında da qarım-katnas baslanıp, birlik ornaydı. Júkli áyeldi kútimge aladı.

Bosanıw gezinde bası-qasında bolıw – tolǵaq dáwirinde jeke úy tayarlanadı. Ot jaǵıp, suw jıltıladı. Úydiń ishki-sırtqı dúńya-múlki jaqsılap

tazalanadı. Bul islerdiń bası-qasında kindik sheshe júredi. Júkli áyeldi tolǵaq waqtında kindik sheshe demep turadı, jáne olay-bulay júriwine ruxsat etiledi.

Kindigin kesiw - kindikti aq balta menen kesip, taza jip penen baylap, kindik túbine kúl sepken. Aq baltanı basqa nársege paydalanbay saqlap qoyǵan. Er balanıń kindigin ırımlap «úy kúshik bolmasın» dep qırdan asırıp ılaqtırǵan. Al qız balanıń kindigin «úydiń qutı bolsın» degen oy menen otbası, oshaq túbine kómedi. Sonıń menen birge oqımıslı bolsın dep kitaptıń, at qulaǵında oynasın dep attıń jalına baylaydı.

Balaǵa ǵamxorlıq jasaw – dúńyaǵa kelgen balanı emizbesten burın taza suwǵa malınǵan kasqırdıń júni menen awızlandırǵan. Bala er jetip el qatarına qosılǵansha kindik sheshe óz názerinen sırtta qaldırmay hár bárhama ǵamqor bolıp júrgen.

**Balaǵa at qoyıwdaǵı úrp-ádetler.**

Artıq barmaǵına qaray at qoyıw – Artıq, Artıqbay, Qosbarmaq.

Balanıń deni saw, janı berik bolıw ushın at qoyıw – Taspolat, Tmirbay, Shımırbay, Ólmesbay, Azamat, Erlepes.

Balası shetney bergen úyde balaǵa at qoyıw – Aman, Amanbay, Esen, Toqtar, Tursın, Tursıngúl.

Bala-shaǵalarınıń ómiri uzaq bolsın, kóp jasasın degen niyette at qoyıw – Januzaq, Júzjúrsin, Mıńjasar, Ómirbek, Seksenbay, Toqsanbay, Uzaqbay.

Burıńǵı-sońǵı bolǵan qural-jaraq atlarına baylanıslı at qoyıw – Qılıshbek, Nayzabek, Mıltıqbay, Sadaqbay.

Eldiń ardaqlı azamatlarınıń atın solarday batır, dana, ónerli bolsın, degen niyet penen jańa tuwılǵan balaǵa at qoyıw - Berdaq, Ájiniyaz, Alpamıs, Gúlparshın,

Ayrıqsha kózge túsetuǵın belgilerine qaray at qoyıw –Qallıgúl, Qallıbek, Meńlibek, Meńligúl.

Islam dininiń tásirine baylanıslı at qoyıw – Ǵalı, Isa, Muxammed, Omar, Ospan, Sulayman, Xadisha.

Qızǵa aspan áleminiń, ańlardıń, hasıl taslardıń, qımbat tawarlardıń, názik ósimliklerdiń atın qoyıw – Ayman, Altın, Jibek, Juldız, Gúmis, Rawshan, Sholpan.

Waqtınan burın dúńyaǵa kelgen balaǵa at qoyıw – Leker, Shalabay, Shalabek.

Murat-maqsetime jettim-aw degen niyette at qoyıw - Azat, Baxıt, Maqset, Mkrat.

Sońǵı balaǵa at qoyıw - Genjebay, Genjegúl, Genjetay.

Ulı joq úyde qız tuwılǵandı at qoyıw - Bolǵan, Toyǵan, Ulbosın, Uljan, Ulbolǵan t.b.

**Shillexanada orınlanatuǵın úrp-ádetler.**

Bala dúńyaǵa kelgen kúni keshke awıl jasları shillexanaǵa jıynaladı - áyel aman-esen bosanǵan kúni keshke awıl jasları shillexanaǵa jıynaladı. Shillexana geyde úsh kunge sozıladı. Ónerli jaslar tań atqansha jańa tuwılǵan balanı, onıń anasın ardaqlap qosıq aytadı. Buǵan ónerli jaslar shaqırtpay-aq kelip, tań atqansha kewil kóteredi.

Qız kelinshekler menen jigitler aytısadı - qız-kelinshekler menen jigitler aytısıp jeńgenleri toǵızın aladı.

Hár túrli oyınlar uyımlastırıladı – jaslar túndi quwanısh, qızıq penen ótkizedi.

Shillexanaǵa tek ǵana jaslar qatnasadı – shillexanaǵa awıl úlkenleri qatnaspaydı. Jańa tuwılǵan náresteni hár túrli jin-shaytan, perilerdiń salqınınan qorǵap, gúzetiw xalıq isenimi boyınsha tek ǵana jaslardıń minneti.

**Balanı besikke salıwda orınlanatuǵın úrp-ádetler.**

Besiktiń jabıwların orınlı-ornına qoyıw – kindigi túsken balanı bes kúnnen keyin besikke saladı. Buǵan jıynalǵan awıldıń qońsı áyelleri shashıwların alıp keledi. Balanı besikke salardan aldın awıldıń jası úlken áyeli besik jabıwların orınlı-ornına qoyadı. Sonnan keyin besikti ádiraspan menen alaslap shıǵadı. Geyde arsha tútini menen de alaslaydı.

Ádiraspan tútini menen besikti alaslap shıǵıw – balanıń uyqısı tınısh bolıw ushın hám jin-shaytandı quwıw maqseti menen ádiraspandı otqa jaǵıp tútetip, balanı besikke bólerden aldın besikti aylandıra alaslap ırımlaydı. Geyde besiktiń bel aǵashına qızdırılǵan temir tiygizip de ırımlaydı.

«Tıshtıma» ırımın jasaw – balanı besikke bólerden aldın tıshtıma ırımı jasaladı. Besiktiń túbek tesigi arqalı bawırsaq, konfet hám basqa da mazalı zatlır japa-tarmaqay astına tutılǵan alaqanlarǵa taslanadı. Basqarıwshı áyel, «tıshtı ma?» dep soraǵanda, qasındaǵı áyeller «tıshtı-tıshtı» dep aytadı. Hár bir jaqsılıqtı únemi shashıw shashıw menen qarsı alatuǵın xalqımızdıń bul dástúri balaǵa besik qut darısın degen niyetten payda bolǵan dástúr.

Bala bólengen besiktiń ústine jeti nárse jabıw - eń birinshi besik kórpe, onnan keyiin shapan, kebenek, ton, jabıw, júwen jáne qamshı sıyaqlı buyımlar menen jabadı. Ton, shapan jabıw erjetkende xalıqshıl bolıwına, júwen tez ósip at ústinde oynasın, kebenek penen qamshı – el qorǵaytuǵın er bolsın degen tilekti bildiredi.

**Balanı qırqınan shıǵarıwda orınlanatuǵın úrp-ádetler.**

Ul balanı qırqınanan shıǵarıw – ul balanı qırqınan 37, 39 kúnde shıǵaradı. Bul ul balanıń qızǵa tóleytuǵın qalıń malı az bolsın degen niyet penen islenedi.

Qız balanı qırqınan shıǵarıw – qız balanı qırıq kúnnen asırıp 42, 44 kúnde qırqınan shıǵaradı.

Balanı shomıldırıw – bul qádege jıynalǵan awıl áyelleri ıdısqa 40 qasıq suw quyıp, teńgeler salıpp, sol suwǵa balanı shomıldıradı.

Sút tırnaǵın alıw – balanıń tırnaǵın alǵannan soń adam baspaytuǵın jerge kómip taslaydı.

Qarın shashıw alıw - bul shashtı shúberekke túyip, tumarsha etip tigip, balanıń oń ıyıǵına qadaydı. Balanıń shashın ashıq-shashıq jerge taslamaydı. Adam ayaǵı baspaytuǵın jerge kómip otıradı. «Qarın shashtıń ǵarǵısı qattı boladı» degen maqal da usı dástúrge baylanıslı.

Iyt kóylegin almastırıw – balanı qırqınan shıqqannan keyin «iyt kóylegine» balanı qırqınan shıǵarıw waqtında túrli mazalı nárselerdi túyip bir iyttiń moynına baylap qoya beredi. Jas balalar iytti quwıp jetip mazalı zatlardı óz-ara bólisip aladı. Boyına bala pitpey júrgen áyeller qálep alatuǵun dástúr de bar. Balanıń anası iyt kóylekti jırtıp beredi.

**Náresteni til-kózden saqlaw ádeti.**

Náresteni til kózden saqlaw dástúrleri – náresteni til-kózden saqlaw ushın nárésteniń besigine, kiyimine tumar retinde jılan basın, úki, toǵız monshaq, gúmis tıyınlardı ilip qoyǵan.

«Kóz tiydi» dep sekem alıw – eger «kóz tiydi» dep sekem alǵan jaǵdayda, sol adamnıń úyinen bir nárse alıp kelip tútetedi. Uslayınsha qas kúshlerdiń beti qaytadı. Balanı til-kózden saqlaydı degen isenim bolǵan.

Náresteni ata-anası álle birewdiń nárestege suqlanıp karaǵanın, «balań balpaqtay» eken degen sózin kewline alıw – eger nárésteniń ata-anası kewline alǵan jaǵdayda, dárhal oǵan túkirtiw ırımın isletedi. «Kózinde qalı bar adamnıń qaraǵanı tegin jibermeydi» dep úyge usınday belgisi bar adamnıń keliwinen qattı saqlanadı.

Náreste sulq bolıp qattı awırıp qalǵan waqıtta – usınıń «kózi tiydi-aw» degen adamdı taptırıp alıp, oǵan túpirtedi. Basqa da san túrli ushıqlaw ırımların jasaydı.

Nárestege jurttıń názeri túspewi ushın náresteni kózden tasalap, oǵan kóbinese jaman-jáwdik, eski kiyim kiygizip, bet-awzına kúye jaǵıp qoyadı.

**Tusaw kesiw toyınıń úrp-ádetleri.**

Tusaw kesiw kúnin belgilep, qonaqlardı shaqırıw aqlıq táy-táylep júre baslaǵlanda ótkiziledi. Aldı menen, tısaw kesiw kúni belgilenip, arnawlı qonaqlar shaqırıladı. Bul kúni geybir awqattı adamlar kókbarda tartqızıp, artı dumandı toyǵa da ulasıp ketiwi qájet emes.

Kópshilik arsında tısawın kesetuǵın adamdı tańlap alıw. Jıynalǵan kópshilik arasınan kóbinese júrisi tez, qıymılı tez, iske epli qásiyetleri kózge túsetuǵın páziyletli adam tańlanıp alınıp, nárésteniń tusaw keserin soǵan tapsıradı. Tusaw kesken adamǵa aqlıqtıń tusawına baylanıslı, arnawlı tusaw keser sıylıǵı beriledi.

Keń dala, taza hawada jayılǵan dastúrxan qasına qazıq qaǵıp ayaǵı baylanǵan balanı arqanlap qoyıw. Tusaw kesiw dástúri aldında jıynalǵanlar keń dalada, taza hawaǵa shıǵıp, ústi túrli mazalı dámge tolı bala-shaǵaǵa arnalǵan dátúrxan janına qazıq qaǵıp, ayaǵı tusawlanǵan balanı arqanlap qoyadı.

Balalardı jayaw jarısqa jiberiw. Toydıń negizgi jan kuyerleri -balalar alıstan jayaw jarısqa jiberiledi. Qaysısı ozıp kelgeni arqandı qıyıp, barlıq dásturxandaǵı zatlarga iye boladı, oǵan arnawlı sıylıq beriledi.

Balanıń tusawın kesiw – onnan soń «júyrik bol!» «juwırıp ket!» taǵı basqada tilekler ayta otırıp, eki qolınan eki adam jeteklegen balanıń tısawın kesiwge tańlap, saylanıp alınǵan adam ala jipti kesip jiberedi. Tusawı

kesilgennen sońı, balanı eki adam ortaǵa alıp shıǵıp, tez-tez júrgizedi. Sol waqıtta «tusaw keser» jırı aytıladı.

**Til asharda orınlanatuǵın úrp-ádetler:**

Awıldıń dilwar, sheshen aqsaqal qariyaların shaqırıw. Búldirshiniń tili jeke-jeke sózlerdi aytıwǵa iykemlese baslaǵan waqıtta tili tez shıǵıw ushın dástúrli «til ashar» toyı jasaladı. Mal soyılıp awıldıń sheshen, dilwar, aqsaqal qariyaları arnawlı shaqırıladı.

Balaǵa qoydıń tilin jegiziw. Olardıń «tilin tez shıqsın!» dep, aqlıqqa qoydıń tilin jegizedi, qoy ishegi menen buwındırıp turıp «sóyleyseń be?» dep soraw qoyıp, úsh ret «sóyleymen» degen wádesin aladı.

Aqsaqaldıń aq pátiyasın alıw. Sonnan keyiin aqsaqallar «Sanduǵashtay sayrap ket!» «Jiyrenshdey sheshen bol, Jánibektey kósem bol!» degen sıyaqlı aq pátiyaların berip tarqasadı.

**Súnnet toyda orınlanatuǵın úrp-ádetleri:**

Súnnet toydı ótkizetuǵın kúndi belgilew. Qáliplesken dástúr boyınsha ata-babalarımız er balaların 5, 7 yamasa 9 jasında súnnet etedi. Súnnet toyın ótkizetuǵın sátli kún aldın ala belgilenedi.

Qonaqlardı toyǵa shaqırıw. Súnnet toyǵa ǵana tán ózgeshelik, toyǵa qonaqlardı balanıń ózi shaqıradı. Ayshıqtı tarlanbozǵa jaqsı kiyingen bir bozbala menen quyrıǵın shart túyip, jorǵa mingen súnnetlengen bala toyǵa shaqıradı. Onıń bawırsaq penen konfet toltırılǵan qorjınınan at basın tiregen úy iyesi dám tatadı da reńli tawardı jırtıp bala mingen jorǵanıń jalına baylaydı.

Sárshembi kúni balanı súnnetke jatqızıw. Sárshembiniń sátli kúni balanı súnnetke jatqızadı. Toyǵa kelgen adamlar «súnnetiń qabıl bolsın» dep, balanıń aynalasına túrli jemis penen mazalı zatlar toltradı.

**Bala asırap alıwda orınlanatuǵın úrp-ádetler.**

Minnetli túrde toy beriw. Qazaq xalqında negizinde óz gindiginen er balası joq adamlar tuwsqanlarınıń, aǵayınlerinin balasın asırap aladı. Kóbinese er balalardıń, al onıń reti kelmese qız balanı da asırap aladı. Malı adamlar at-shaptırım toy berse, dáwleti shaǵınlar qurbanlıq shaladı.

Er balaǵa asıq jilik, qız balaǵa toqpan jilik uslatıw. Balanıń qolına jilik uslatıp kópshilikti buǵan gúwa etiw, bala asırap alǵan áke menen sheshenıń de el aldında olardı tuwmadı dep ayırmaw tuwralı beretuǵın wádesi, antı. Jurt aldında jilik uslatıw saltı eki jaǵınanda bala alıw isine ırazıshılıǵın bildiredi.

Er balanı ashamayǵa mingiziw. Er balalardı jilik uslatıwǵa qosımsha ashamayǵa mingiziw jorası da bar. Óytkeni balanı bawırǵa salıw kóbinese onıń 5-6 jasar gezinde boladı. Bul waqıtta balanıń atqa minip úyrenetuǵın waqtı. Negizinen dım jaqın tuwısqan arasında balalardıń eseyip qalǵan waqıtta da bola beredi. Al bóten elden alǵanda bala múmkinshiligi bolǵansha jas bolıw kerek.

**bolatuǵın qásiyetler jáne balanıń keleshegin boljaw belgileri.**

Baqıtlı, súygen yarı sulıw - ul bala kózin ashıp uyqlaytuǵın bolsa.

Palwan - betinde qaklı bolsa

El basqaratuǵın kósem - kópshiktiń ústinde uyqlaytuǵın bolsa.

Jaydarı - mańlayı keń bolsa.

Jaydarı, aq kewil - shalqasına jatıp uyqlıytuǵın bolsa.

Jalqaw - jelkesiniń shuqırı úlken bolsa.

Kemenger - ayaq qolın tórt jaqqa sozıp, biyjaǵday uyqlaytuǵın bolsa.

Kúyewi sulıw - qız bala kózin ashıp uyqlaytuǵın bolsa.

Kúyshi - balanıń bir qulaǵınan ekinshi qulaǵı úlken bolsa.

Qızǵanshaq geyde oyshıl - et betinen uyqlaytuǵın bolsa.

Mırza - alaqanı ashıq, alańsız emes.

Ótirikshi - qulaǵı menen awzınıń arası jaqın.

Sarań - anasınıń omırawın tas qılıp uslap otırıp alsa.

Seri - bas barmaǵı úlken súyir bolsa.

Uyalshań - búkkesine uyqlaytuǵın bolsa.

Sheber - barmaǵı mayısqan bolsa.

Injıq - kórpeni tumshalap orap alıp jatatuǵın bolsa.

## 2.2. Xalıqtıń perzentke baylanıslı quwanıshlı dástúrleri

Qaraqalpaq xalqınıń dástúriy fol`klorı nayatıy bay. Sonıń ishinde ásirler dawamında qáliplesken salt túrleri deenofol`klorlıq qubıls sıpatında ómir súrip kelmekte. Usı orında biz házrgi waqıtta jup sóz túrinde qollanılıp júrgen «salt-dástúr» atamasınıń geyde terminlik anıqsızlıqlardı keltirip shıǵarǵanlıǵın da itibardan tıs qaldırmawımız tiyis. Tiykarınan bul ekewi eki túsinikti ańlatatuǵın atama. Olarǵa terminlik mánis júklengende, hár biriniń jeke qollanılatuǵını orınlı. Orıssha «obryad», tatarsha «yola», ózbekshe «marosim», kazaqsha, «ǵurp» túrinde qabıl etilgen bul terminniń qaraqlapaq tilinde salt dep atalatuǵını belgili. Al «dástúr» sózi «taraditsiya» túsiniginiń qaraqalpaqsha ekvivalenti bolıp tabıladı. N. Dáwqaraev, insan ómiri menen baylanıslı ilajlardı hám sol tiykarda dórelgen qaraqalpaq fol`klorı úlgilerin «salt ádebiyatı» quramına kirgizgende, kórsetilen terminniń tariyxıy qollanıwın eskergen sıyaqlı. Q.Ayımbetov araqalpaq fol`klorı máselesine arnalǵan dáslepki jumısında da «salt» termini usı másniste isletilgen. Qaraqalpaq xalıq dóretpeleriniń kóp tomlıǵın tayarlawshılar da bul qaǵıydanı basshılıqqa alǵan.

Tilekke qarsı, bir-birine jaqın bolǵan usınday teminler sońǵı waqıtları tek ǵalaba xabar qurallarına ǵana emes, arnawlı ilimiy miynetlerde de shálkem-shalıs paydalanılmaqtı. Ásirese ádebiy tilde álle qashan qáliplesken «dástúr» («traditsiya») tiykarǵı óz mánisinen tısqarı, «salt» («obryad»), «ádet» («obıchay»), «tutım» («rejim»), «ırım» («primeta»), «inanım» («sueveriya»), «isenim» («pover`ya»), «úrdis», («tendentsiya») túsinigi ornında da hátteki, «ilaj», («meropriyatie»), «baǵdarlama» («programma») sózleriniń tikkeley awdarması sıpatında da qollanılıp júrgenligi qolaysızlıq tuwdıradı. Ádette,«dástúr» túsinigi ulıwmı túrde olardıń birazınıń jámlewshi atamasın da ańlatadı. Lekin, qaraqalpaq tilinde bul sózdiń hár biriniń óz ekvivalentine iye ekenligin esletken halda olardıń durıs qollanılıwınıń turaqlasıwın usınıs etemiz.

Salt – xalıq tárepinen turaqlastırılǵan ilajlardan ibarat bolıp, ol dástúriy mádenityattıń pútin bir bólegin quraydı. Hárqanday salttıń ataqarılıwında hám saqlanıp qalıwında dástúriy poeziya úlgileri de xızmet etedi. Bul jaǵdayda biz kóplegen xalıqlardıń milliy qádiriyatları mısalınan kóremiz. Qaraqalpaq xalqınıń da usınday qádiriyatları saǵasında perzent kútimine baylanıslı kóplegen saltlar bar. Olardıń xalıqtıń etnografiyası menen birlikte, milliy poeziya úlgileri de óz sáwleleniwin tapqan. Biz bul jerde usınday salt túrleniniń ayırmlarına Buxara qaraqalpaqları mısalında toqtap ótpekshimiz.

**Orınashar saltı**. Náreste boyında bayqalatuǵın hárqanday ózgeris úlkenler dıqqatınan shette qalmaydı. Olar bul qubılıslardı izbe-izlikte baqlawǵa alǵan hám soǵan sáykes orınlanatuǵın ilajlardı ámelge asırıp otırǵan. Balanıń jambas basıp otırıwıda ata-ana ushın ayrıqsha quwanısh. Ata-ana perzentiniń bunday háreketinen súysinip, xalıqlıq jol-jorıqlardı basshılıqqa aladı. Xalıq baqlawı boyınsha: «Bala bes ayda awıq otıradı, altı ayda anıq otıradı». Ata-ana óz perzentiniń nıq otırıp, erkin boyın kóterip ketiwi ushın usıǵan say ilenetuǵın salttı shańaraqlıq kólemde atqaradı. Orınashar saltı boyınsha erte tańda «iyis» shıǵarıladı, pirler hám ata-baba jolı ushın «iyis nan» tarqatıladı. Azanǵı halqastıń waqtında bóbek kiyindrilip, shańaraq aǵzalarınıń ortasına alıp kelinedi. «Tóreniń ornı tórde» degen niyet penen «tór iyesi» ushın atasnıń qasınan orın ashılıp, otaǵasınıń oń jaǵına otırǵızıladı. Bóbektiń beli bekkem, qáddi tik bolıwı kózde tutılıp, beline hasıl tawar baylanadı, astına qat-qat kórpeshe tóselip, aldına hám qaptalına «qapdastıq» (buwıq kópshik), arqasına «aydastıq» (tutas dastıq) taslanadı da, oǵan orınashar saltına tiyisli aytımashar arnaladı:

Otırsın, sultan, otırsın,
Ortamızdı toltırsın,
Ordalı tóre bolsın,
Ornı tórde bolsın…

Xalıq dástúrine bekkem hárbir shańaraqta islenetuǵın bul saltqa tiyisli tileklerdi oshaq basındaǵılardıń ornı joǵalmawı, ortanıń tolı bolıwı, bóbektiń boyına bek-tórelik pitip, begligine bekkem belli azamat, ózinen ósip óngen áwladtıń kátqudası, jurt aǵası dárejesine jetiwi niyet etiledi.

Orınashar saltı menen baylanıslı atqarılatuǵın ádetlerdiń túrleri kóp. Olardıń barlıǵına da dástúriy poeziya úlgileri qarısıp ketken.

**Jolashar saltı**. Ertedegi ata-babalar qáliplestirgen úrdis boyınsha insannıń saparǵa shıǵıwı da úlken sın bolǵan. Usıǵan baylanıslı uzaq jolǵa shıǵatuǵın adam da, awıldan awlaq uzap ketip, ań awlap keletuǵın ańshı da «jollıq» birewdi ádetke aylandırǵan. Xalıq isenimlerine kóre, jol júrip baratırǵan adam «ayaǵı jeńil bolıwı» ushın qáde beredi. Bul qádeniń «jolayaq» dep te atalıwı sonlıqtan. Besik jasındaǵı balanıń jolǵa shıǵıwı, onıń ómirindegi «tuńǵısh sapar» bolǵanı ushın oǵan arnawlı túrde tayarlıq kóriledi. Bóbektiń jolǵa shıǵıwı ayrıqshı waqıya bolıp, sol kúni «jolashar» saltı islenedi.

Jolashar saltına kóre, áwliye-ánbiyalardıń, árwaqlardıń jolına bir qoy soyılıp, jaqın-juwıq hám qońsı-qobalar usı jıyınnıń qatnasıwshısı bolsa, ayırım orınlarda oǵan awıl-aymaq tutas shaqırıladı. Olarǵa úydiń eń jas aǵzasınıń birinshi márte dayı jurtına baratırǵanlıǵı aytıladı hám kóptiń aqıl-keńesi alınadı. Jolashar ası ústinde usı saltqa baylanıslı aytılǵan ırımlardıń barlıǵı itibardan tıs qalmaydı. Bóbektiń saparı biyqáter bolıwı ushın salt qatnasıwshısı bolǵanlar oǵan, onıń ata-anasına tileklesligin bildiredi. Aytımshılardan biri:

Joldıń piri Jolayman,
Suwdıń piri Sulayman,
Tawdıń piri Talayman,
Nuranıń piri Nurayman,
Táńirim ózi bas bolsın,
Bárińnen mádet sorayman!

- dep saparshılardıń jolınıń ashıq bolıwın soranadı. Óytkeni, jolawshı jol boyı suwat jerlerden de, tawlı-taslı óńirlerden de, qır-nuralardan da ótiwi múmkin. Kóliktiń qandaylıǵına qaramastan, hár orınnıń óz pirlerine sıyınıw parız. Sonday-aq, jolawshı neshshe qoyımshılıqardıń, áwliyeli jerlerdiń tusı menen sapar shegedi. Mine, usı múnásibetten de jolashar saltında ótkenlerdiń húreyi ushın hám qubırılardıń qollawı ushın mal shalınadı.

Bóbek hám onıń ata-anası jolǵa tayın bolǵannan keyin olarǵa nan alıp shıǵılǵan halda onıń bir shetinen tisletiledi de, orap alıp qoyıladı. Bul inanım boyınsha, «nan-jolawshınıń joldası, olardıń saw salamat oralıwı ushın tilekles». Jolawshılar júrerinde olarǵa burınǵınıń jolı boyınsha «Jortqanda jolıńız, Qıdır ata joldasıńız bolsın!» degen tilekler aytıladı.

Sonı da esletip ótken orınlı, házirgi kúnde tek awıllıq jerlerde ǵana dástúr bolıp qalǵan hám tiykarınan bóbeklerdiń tuńǵısh saparına arnalatuǵın jolashar saltı astarında ata-babalardıń ómirlik tájiriybesinen alınǵan álwan túrli ibrat bar. Sonıń menen birge, onda qollanılǵan xalıq aytımları etnografiyalıq dáreklerge de bay.

**Tilashar saltı**. Bóbektiń tili bıldırlap shıǵa baslaǵannan-aq shańaraq aǵzalarınıń oǵan bolǵan itibarı taǵı da kúsheyedi. Balanıń túsiniksiz halda seslerdi aytıwı xalıq tilinde «bıldır» delinedi hám onıń bul halatı shóje qus – búldirshinge megzetiledi. Endi onıń usınday shúldirlek háreketin, shúldirek tilin qızıq kórip sóyletiwshiler kóp boladı. Dáslep ózi menen dasqal aǵa-apaları «búldirshin til» iyesine sorawlar berip baslaydı hám juwabın da aytıp turadı:

-Ata qáne, ata?

- áne, áne!

- Aǵa qáne, aǵa?

- Mine, mine! Bala isharalardı ańlaǵan halda usı aytılǵandlardı durıs kórsete alsa, onıń aǵa-apaları misli shadı-qurram boladı. Ol óz ata-anasınan

baslap, úy iyeleriniń hámmesin bir-birinen ajırata alatuǵın dárejege jetkennen keyin onnan deneniń múshe-múshesi, hárbir aǵzası ataması qos-qostan uyqas qurap soraladı hám qaytalap ayttırıladı. Sawal-juwap tómendegishe bolıp keledi:

- Mınaw ne?

- Bas!

- Mınaw ne?

- Sas!

- Sas emes, shash! - dep bóbektiń qátesi dúzetiledi. Kishkentaylardıń tilin tósep «sas» dewiniń ózi - tábiyiylik.

Bala sózlerdi anıq ayta baslaǵannan keyin «tilashar» saltı islenedi. Salt qaǵıydası boyınsha qoy soyıladı. Oǵan tek jaqın-juwıqlar ǵana shaqırıladı. Sebebi, bul – tek shańaraq kóleminde ǵana belgilenetuǵın salt. Biraq, salttı ótkeriwdiń tiykarǵı miymanı sıpatında úy iyeleriniń niyet etken qádirdanı yaki awıl-aymaqtıń sıylı kátqudalarınıń biri aldırılıp, ol «bóbektiń tańlayın kóteriw» hám «awzına túpiriw» ırımın islewi tiyis. Xalıq tilinde ol «wákil» dep ataladı. Úy iyeleri kútken «wákil» kelgennen keyin salt óz tártibi boyınsha dawam etedi hám ol bóbek penen sóylesken bolıp, ádettegishe:

- Mınaw ne?

- Murın!

- Mınaw ne?

- Tańlay! Usı soraw qızıǵı menen bala óz tańlayın kórsetkende, wákil onıń tańlayın bir barmaǵı menen kóteredi hám awzına jeńil túpiredi. Balanıń tili tóselip, tez sóylep ketiwi ushın oǵan tilashar saltına atalıp shalınǵan soyıslıqtan tildiń ushı «asatıladı». Salt sońında usı jıyınnıń sıylı miymanı bolǵan wákilge sarpay jawılıp, onıń pátiyası alınadı. Tilashar saltınıń bir ózgesheligi, bala úlkeygende tańlayın kótergen insandı kewline jaqın tutsa, onı ózine «wákil ata» etip alıw jaǵdayları da ushırasadı.

Qaraqalpaq xalqına ortaq bolǵan bul salt túrleri biz sóz etip otırǵan regionda házir de dástúriy túrde atqarılıp kiyatır. Olarǵa baylanıslı hárqıylı aytımashlar (balalarǵa arnalǵan aytımlar) da saqlanıp qalınǵan. Bul ózgeshelikler – qaraqalpaq xalqınıń e`nofol`klorlıq dúńyasın tanıtıwshı qádiriyatlar qatarına kiredi.

Dástúr hár xalıqtıń sana-sezimleri hám mádeniyatı menen baylanısı bolǵanı ushın da bir xalıq penen ekinshi xalıqqa ádewir uqsas, geyde pútkilley bir-birine uqsamaytuǵın ózgesheliklerdi de payda etedi. Qaraqalpaqstanda qaraqalpaqlar menen bir qatarda ózbek, qazaq hám túrkmenlerdiń aralas jasawına baylanıslı biri-birine uqsap ketetuǵın dástúrleri de kóp ushırasadı. Degen menen xalıqtıń atı xalıq hár eldiń ózine tán dástúrleri boladı qaraqalpaqlardıń hátte basqa tuwısqanları da  ushıraspaytuǵın da ayırım dástúrleride bar. Demek hár qanday dástúrde hár bir xalıqtıń milliy ózgesheliginiń negizin quraydı. «Dástúr hár bir xalıqtıń júrip ótken jolı» - deydi Mixluko-Makalay. Adamzat óz tariyxında jaqsı ham jaman hádiyselerdi basınan keshirgen sonıń ushında jaqsı hádiyselerdi ózine dástúr sıpatında qabıl etken. Jaman hádiyselerden qashqan. Máselen, hár bir xalıqtıń  ózine qonımlı kiyimlerdi kiyiwi-dástúrge aylanǵan. Óli jayǵastırıw, toy baslaw hám taǵı basqa da ózlerine zárúr bolǵan jıyın, saltanatlardıń rejelerin dúzip shıqqan. Bunday rejeler hár bir xalıqta da bar. Lekin bular hár bir xalıqtıń saltına qaray ajıraladı. Sonıń ushın da dástúr adam balası tuwılǵan kúnnen baslanadı.

Qaraqalpaqlardıń dástúrinde jańa tuwılǵan balaǵa besik hám átkónshek sazlanadı. Erte dáwirlerdegi dástúr boyınsha jańa tuwılǵan balaǵa besikti ana (yaǵnıy kelinshektiń tórkini), nárosteniń dayı jurtı alıp keletuǵın bolǵan. Házir bul dástúr tolıq saqlanǵan dep aytıp bolmaydı. Geyde bir tárep, geyde ekinshi tárep tayarlaydı. Náreste tuwılǵannan keyin kindigin kesken adam (kempir yaki kelinshek) kindik sheshe esaplanadı. Burın kindik shesheler de ádewir

húrmetlengen. Qoy, ılaq, kiyim inam etilgen. Sol balaǵa baylanıslı jıyınlarda áke-sheshesinen keyin úshinshi orında iyelegen. Bunnan keyin bala besikke bólenip, shashıw toy berilgen. Besik házir de bar. Biraq onıń ornın ayırım jerlerde kolyaska iyeleydi. Besik - aǵashtan jonıp islenedi, balanı ishine bólep, terbetip uyqlatatuǵın dáske. Onıń úlgileri házirde kóp. Besiktiń bala tárbiyalaw ushın birneshe paydalı tárepleri bar. Burın qaraqalpaqlar yarım otırıqshı bolǵanı ushın da kóbirek qara úylerde jasaǵan. Qara úy qıs kúnleri suwıq boladı. Sonlıqtan da jas balanı awırıwdan aman alıp qalıw ushın ıssı saqlaw qıyın. Eger besikke bólense bala tońbaydı. Bunnan tısqarı nárestelik gezlerdiń kópshiligi uyqıda ótedi. Besik uyqlaw ushın qolaylı. Ekinshiden náreste úlken yaki kishi dáretlerge shıǵıw uqıbına iye emes. Tósekke jatqızǵanda pataslap taslaydı. Onı juwaman dep júrgende ayazlatıp alasań. Sonıń ushın besikti qolaylastırǵan túbek penen súmekler bul máselege de járdem beredi. Úshinshiden, besikte jatqan balanıń ayaqları dúziw, tegis bolıp ósedi. Sol jaǵınan qaraǵanda da besik náresteler ushın qolaylı. Bala besikke salınǵannan keyin «besik shashıw» berilgen. Bul «shashıw toy» dep te ataladı. Bunday toydı hár kim óz halına qarap bergen. Ayırım bay adamlar úlken saltanat qurǵan. Kópshiligi awıldıń bala-shaǵalarına ǵana ziyapat bergen. Bunıń negizi qayaqtan shıqqanlıǵın bilmeydi. Biraq shashıw toydıń negizgi awqatı sarı mayǵa uwılǵan maysók bolǵan. Qaraqalpaqlar maysókti ırım sıpatında qollanıladı. Jas bala tuwılǵanda uzaq jarıslarǵa shabatuǵın bedew atlarǵa, palwanlarǵa beriledi. Bul ırımnıń da bir-biri menen baylanısı bar sıyaqlı. Jas balanı da uzaqqa shabatuǵın tulpar sıyaqlı seyislep atırmız dep oylasa kerek.

Bala eki jasqa shıqqanda apıl-tapıl júre baslaydı. Mine usı payıtta balanıń ayaǵın jip penen tusawlap, jipti pıshaq penen kesedi. Sóytip: «seniń tusawıń kesildi, endi jıǵılmay júretuǵın bolasań» -degen sózdi aytadı. Usıǵan baylanıslı jas balanı tárbiyalawǵa baǵıshlanǵan basqa da ırımlar bar. Máselen, náreste

ushın «iyt kóylekti» kóp jasaǵan kempirlerge tikkiziw, balanıń tusawın shabandoz hám palwan adamlarǵa kestiriw hám basqa da itibarlı dástúrlerdi atap ótiwge boladı. Eger ayrım sebepler menen balanıń anasınan sút shıqpay qalǵanda júdá itibarlı emiziwli hayallardan ekinshi ana tayınlaǵan. Bul hayal da balanıń ekinshi anası esaplanǵan. Ekinshi ana tek súti ushın ǵana emes, al onıń haslı zatına da ádewir itibar berilgen. Er balalar bes jas penen jeti jas aralıǵında súnnetlengen. Bul saltanatqa arnalıp «súnnet toy» berilgen. Solay etip, dástúrge sadıq bolıw jaslıq tárbiyadan baslanadı. Bul tárbilyaq dástúr qadelri bolıp, ol eń dáslep jas úlken adamǵa jas kishi birinshi bolıp sálem beriwden baslanadı. Xalıq arasında jas úlken qolın sozbasa da oǵan qol alıp juwırıw jaǵdayları bar. Biraq bul durıs emes. Jas úlkenge eń birinshi sóz arqalı «Assalawma áleykum» - dep sálem beriwi, jas úlkenniń buǵan juwap qaytarıwı lazım. Eger ol qolın sozǵan jaǵdayda ǵana qolınan alıw kerek. Jas úlken sóz sóylep atırǵanda onıń sózin qaytarıwǵa yaki toqtatıwǵa bolmaydı. Eger onıń sóziniń qáte ekenligine kóziń jetse sońınan ruxsat sorap tolıqtırıwıń mumkin. Onıń pikirleniń hámmesine qoslıwıń shárt emes. Biraq orınsız onıń zeynine tiyiwge bolmaydı. Alımlar arasında jas úlken hám jas kishiniń pikir talasları bolıwı múmkin. Bul jaǵday ayıpqa sanalmaydı geybir jas kishiler atasınıń tutqan ulamalıq jolına qarap da jas úlken sıpatında sıylanadı. Tórden orın beriliwi de múmkin. Bul jaǵday úlken ulama adamlardıń perzentleri yaki joqarı mánsaptaǵı jas kishilerde de bolıwı múmkin. Ulıwma xalıq jas úlkennen joqarı shıǵıp ketken adamlardı ayıp sanaydı. «Otırar ornıńdı bil» degen naqıl sodan qalǵan.

Qaraqlpaq dástúrinde qonaqtı qattı sıylaydı. «Qonaq qudaydan bir jas kishi» degen naqıl sonnan qalǵan. Jeti jasar qonaq kelgende jetpis jasar ǵarrı ornınan turıp sálemlesip, janınan jay beriwi múmkin. Ilajı bolsa qonaqtıń qonaq asına mal soyıp, aldına bas qoyıw dástúri saqlanǵan. Bas penen jambas sol qutlı qonaqtıń aldına qoyıladı. Qonaq bastan dám tatıp, basqa ózinen úlken adam

bolsa soǵan qaytaradı. Geyde jas úlken awız tiygennen keiyn qonaqqa beriledi. Bul jaǵday kelgen qonaq arasındaǵı qarım-qatnaslarǵa baylanıslı. Eger jas úlken jezdey bolsa oyın dálkekke alıp, oǵan bas berilmewi de múmkin. Dástúr boynısha jas úlken jolında kiyatırǵanda onıń aldınan kesip ótiwge bolmaydı. Bul ásirese hayal-qızlar ushın úlken ayıp esaplanǵan. Sebebi, jas úlken joldan ótip ketkennen keyin izinen ótiw kerek. Eger birew menen keyisip qalsań jas úlken araǵa tússe onıń sózlerine qulaq salıw lazım. Óytkeni «ǵarrı bilgenin peri bilmes» dep aytıladı. Olar aqıl parasat iyeleri bolıp esaplanadı. Sol tiykarda dástúr rawajlanıp baradı. Lekin dástúrdiń eń joqarı túri aǵayınshılıq, quda-qudaǵayshılıq tiykarında payda bolǵan.

Búginde jańadan payda bolǵan «jańa dástúrler» hámmeni túńildirip, táshwishke salıp atırǵanı anıq. Sebebi ulın úylendirip, qızın uzatıwǵa niyetlenip júrgen ata-analar menen, keleshek turmısqa niyet etip júrgen qız jigitlerimizdiń pák kewillerine ǵul-ǵula salıp, jolın baylamaqta. Al ayırım jaǵdaylarda ashınarlı, dúzep bolmas dárejege alıp kelmekte. Ózin kórsetiw ushın «jańa dástúrlerdi» tawıp atırǵanlardın ishki dúńyasına ser salıp kórseń júzlerinen jańa turmıs qurıp atırǵanlardıń keleshek baxtın tilewdiń ornına qızǵanısh kóligine minip atırǵanlıǵı kórinip turadı.

Ayırım faktler. Kelinniń ayaq kiyimin sheship alıp «jańa dástúrdi» oylap tapqan kúyewdiń jorası menen jańa shańaraǵına iyilip túspekshi bolǵan kelinniń qurdasınıń «qun» talap etiwleri, yaǵnıy jańa shańaraq iyelerine kórsetip atırǵan «járdemleri», birinshiden, uyatsızlıqtan basqa sheńberge sıymaydı. Qaytama, solar kelin-kúyewlerge biyminnet járdem kórsetip, toydı biymálel jayǵastırıwdıń ornına, shın ıqlası menen buzıwǵa ashıqtan-ashıq háreket jasaǵanı. Ekinshiden, toy iyeleri bılay tursın, sol toydıń quwanıshına tilekles bolıwǵa jıynalǵan kópshilikti húrmet etpesten, jabayı qılıq kórsetiwleri hesh qanday dástúrge de,

adamgershilikke de, nırıqqa da qayshı keletuǵın háreketleri, Jınayat Kodeksiniń tiyisli stat`yalarında ayqın sáwlelengen.

Úshinshiden, merekedi toyxana iyesine (yaki basqalarǵa) awır hám ashshı gáplerin aytıp, buzıwǵa talpınǵanlar da nızam aldında juwapker. Kewildegidey sarpay ala almaǵanlar jánjel shıǵarmay-aq, ókpe-giynesin toyxana iyesine biymálel aytsada boladı. Ulıwma, toyǵa kelgenler toyda iship-jep, jánjellesip alıp ketiw ushın emes, al quwanıshların ortaqlasıw ushın keledi.

Toydıń túrleri kóp. Lekin, biz bul jerde jańadan shańaraq qurıp atırǵan jaslar haqqında aytıp otırmız. Solay eken, eń dáslep «toy» degen sózdiń mánisine itibar beriwimiz kerek. Kelinshektiń ayaq kiyimin urlap, mashinadan túsirmey, esigin ashpay «qun» talap etetuǵınlar jánjeldiń kelip shıǵıwına, aqırında jas shańaraqlardıń buzılıwına sebepshi bolatuǵınlıǵına, olardıń pámi alıspaydı emes!

Kelin túsiriw toyına eldiń (awıldıń) adamları ayrıqsha juwapkershilik penen qaraw dástúri erteden belgili. Burınları sol eldiń aǵa biyi, jası úlkenleri jıynalısıp toy-merekeni qalay tarqatıw máselesin oylasıp, sheship alatuǵın edi. Ortasınan toy basqarıwshısın saylap, ol toy basqarıwshısı bolsa atqosshılarına xızmet bólistirip, sol merekenińń daw-jánjelsiz ótiwine ayrıqsha dıqqat bólip, «birdiń abırayı - mıńnıń abırayı» qaǵıydasın qatań saqlawǵa háreket etetuǵınlıǵın talay ret kórgenbiz.

Al, dasturxan jayǵastırıwǵa bolsa sol awıldıń sózge sheber, mereke jayǵastırıwǵa uqıplı hayaldı tayınlaydı. Mine, ol da kimniń dasturxanına ne salıw kerekligine itibar berip, merekeniń biymálel jayǵastırılıwın shólkemlestiredi.

Kelindi uzatıp alıp keliwdiń de ata-babalarımız jol salıp bergen dástúrlerin heshkimniń buzıwǵa haqısı joq edi. Álbette, bul da eki eldiń jası úlkenleriniń basshılǵında ámelge asırıladı. Kúyew balanıń joldasları tańlap alınıp, oǵan awzı duwalı, sózge sheber, mereke kórgen «jigit aǵasın» tayınlap, qáde qáwmet beriw, kelindi uzatıp alıp qaytıw sol «jigit aǵası» na júklenedi.

## III-bap. Bala tárbiyası joqarı ruwxıylıqqa jol

### 3.1. Shańaraqta bárkamal áwladtı qáliplestiriw máseleleri

Shańaraqta tárbiyanıń negizlerine tiykar salınadı. Ol balada qáliplesiwi lazım bolǵan bárshe insaniy múnásibet hám páziyletlerdi tárbiyalawshı turmıs mektebi esplanadı.

Qaraqalpaq xalqı balajan xalıq. Balaǵa degen bawrı keńlik, miyirbanlıq, pidayılıq xalqımızǵa tán qásiyet. Sol sebepten de, ata-analarımız perzentleriniń baxtı hám keleshegi ushun qayǵıradı. Olardıń puxta bilim alıwları, qızıǵıwları boyınsha kásip-óner iyelewi, ádep-ikramlıq qaǵıydaların jaqsı biliwi xám olarǵa ámel qılıwı ushın bar imkaniyatların jaratadı. Sebebei shańaraqta balanı tuwrı tárbiyalaw - bekkem jámiyet qurıwdıń tiykarı. Bala tárbiyası keń qamırawlı, uzıq dawam etetuǵın qıyın process bolıp, onıń ózine tán qásiyetleri bar. Bul process turmıs quratuǵın jigit hám qızdıń bir-birine hár tárepleme múnasipliginen baslanadı.

Sahibqıran babamız Ámir Temur da ul úylendiriw hám kelin tańlawda, perzent tárbiyasın mámleket siyasatı dárejesine kótergenligi de biykarga emes edi. Mámlekettiń qúdireti-salamat pikirli, bilimli, ádep-ikramlı, xalıq, millet Watan táǵdiri ushın janın tikken insanlar qolında.

Sebebi perzent er hám hayaldıń mehir-muhabbatı tiykarında qurılǵan ıqtıyarlı birliktiń miywesi. Abdurawf Fitrat aytqanınday: «... úyleniwdiń birinshi maqseti perzentdur. Áwladtı tárbiyalaw insaniyat xızmeti. Qashan biz jaqsı ádep-ikramlıq iyesi bolǵan perzentlerdi tárbiyalasak, sonda ǵana moynımızdaǵı bul xızmet májbúriyatı soqit boladı. Kim tárbiyasız bola tárbiya etse, insaniyatqa xızmet etpes, bálki dushpanlıq qılgan boladı. Jámiyet olardıń perzentlerinen biyzar boladı. Xosh hám jaqsı ádep-ikramlıqqa iye bolǵan perzent, xosh tárbiya iyman sahıbı bolǵan ata-anadan boladı, egerde ata-ana

tárbiyasız bolsa, olardıń tábiyası sayasında ósken perzent te tárbiyasız boladı. Sonlıqtan kwyew hám kelin ádep-ikramlı bolıwı eń jaqsı páziylet».

Ayırım shańaraqlarda ushırasatuǵın er hám hayal, qáyin ene, kelin hám basqalar ortasındaǵı bir-birine degen húrmetsizlik, óz-ara kelispewshilik, urıs-jánjeller, hámledar hayaldı abaylap asıraw ornına, awır miynet qılıwǵa májbúr etiwi, qorlawı, hátte oǵan qol kóteriw, balanıń kesel, mayıp, ashıwshaq bolıp tuwılıwına sebep boladı. Ata-anadaǵı eń jaqsı qásiyetler de, jaman qásiyetler de irsiy jol menen balaǵa ótiwi tábiyiy.

Shıǵısta erteden emiziwli hayalıń awqatlanıwına ayrıqsha itibar berip kelgen. Jas bosanǵan ana sút keltiriwshi kúshli awqatlar jewi, sútin buzbaslıq ushın piyaz, чesnok, garimdori, spirtli ishimlikler, temeki hám taǵı basqada zatlardı qabıl qılmaslıǵı zárúr. Bular bala ushın – zıyanlı.

Sonday-aq, bala besikke (arnawlı ayaq-qol tartqıları menen) baylap qoyıladı. Bul bir qaraǵanda, balaǵa azap bergenge uqsaydı. Biraq sonday bolsa da, ol balaǵa artıqsha háreket qılmay, óziniń qol ayaq háreketlerinen tosınnan shorshımay, bir nársege urılmay, jatqan jerinen awdarılıp ketpey, tınısh uyıqlawına járdem beredi.

Shańaraqta ata-ana barlıq perzentlerine derlik bir túrde mehir-miriwbet, talap qoyıwı zárúr. Rizouddin ibn Faxriddin bılay deydi: «Ádalat hám insap úyretiw ushın qájetlerin ótewde hám kereklerin bólip bergenińizde hámmesin birdey kóriń, ne berseńizde birdey qılıp beriń, birine jasırıp bir nárse berip: «Abaylı bol, aǵa-úkelerińe bildirme» degen nárselerden saqlanıń, sebebi bunday qılıw olarǵa jábir, zulım, aldaw, qiyanet sıyaqlı nárselerdi úyretedi. Baqıllıq hám ózin jaqsı kóriw sıyaqlı buzıqlıq hár bir balanıń is-háreketine qaray xoshametlew yaki qattı qollıq penen múnásibette bolıw, eskertiw beriw, jazalaw tárbiyada sınalǵan metodlar. Ana balanıń qılǵan is-háreketler ushın jazalap atırǵanda, násiyat qılıp atırǵanda ata onıń tárepin almaslıǵı, ata tárbiya isin alıp barıp

atırǵanda ana oǵan aralaspawı kerek. Bul balanı ekijúzlemeshi, hesh qanday tanbeh, jazadan qorqpaytuǵın, ótirik sóylewshi, ata-ananıń hár ekewinde húrmet qılmaytuǵın, abıraysız qılıp qoyadı.

Shańaraqta perzent tárbiyasında sınalǵan tárbiya metodlarınan biri – úlgi. Babası, apası, ata-ana, átiraptaǵı úlken jastaǵı adamlardıń is-háreketleri, júris-turısları, mámilesi, ózlerin tutıwları, jámiyetke, tábiyatqa múnásibetleri úlgi sıpatında júdá úlken tárbiyalıq áhmiyetke iye. Balaǵa aqılıy, ádep-ikramlıq, estetik, diniy, miynet tárbiyası negizleri ata-ana úlgisi tiykarında sińdirip barıladı.

Shańaraqta perzentti únemlewge, isbilermenlikke, basqarıwshılıqka úyretiw, dúnyalıq ilim hám turmıs iliminen qabardar etiw, kásibp-óner sırların qunt penen iyelewi ushın múmkinshilikler jaratıp beriw, olardıń turmıs soqpaqlarında adasıp qalmaslıǵı hám tuwrı joldan barıwında járdem beredi.

Solay etip, shańaraq tárbiya ornı bolıp, shaxstıń keleshegi usı jerde tárbiyanıń qanday ámelge asırılıwına, tárbiyashı esaplanǵan ata-ananıń óz wazıypalarına qanday múnásibette bolıwına baylanıslı. Shańaraqta hár bir adamnıń óz minneti hám wazıypalarına juwapkershilik penen jaqınlasıwı shańaraq bekkemligi, jámiyet párawanlıǵına erisiwdiń faktorı.

Qaraqalpaq xalıq pedagogikası áyyem zamanlardan baslap-aq atadan-balaǵa, áwladtan-áwladqa ótiw jolı menen bayıp, rawajlanıp otırǵan. Qaraqalpaq xalıq pedagogikasında milliy úrp-ádet, xalıq dástúri, naqıl-maqallar, jańıltpashlar, ertekler, dástanlar, terme-tolǵawlar hám taǵı basqada usınday xalıq dóretpeleri úlken áhmiyetke iye.

Hár bir xalıq yaǵnıy hár bir adam eń áweli óziniń kimligin bilmey turıp, ózgeni hesh qashan bile almaydı. Sonıń ushında hár bir xalıqtıń, millettiń ómirine tiykar salatuǵın, turmıs qálpin tiklep turatuǵın, eskiden jańaǵa, atadan-balaǵa milliy miyras bolıp kiyatırǵan, milliy úrp-ádetleri, salt-dástúrleri, naqıl-

maqalları, dástanları sol xalıqtıń tariyxıy rawajlanıwınıń, milliy miyraslarınıń, ádep-ikramlılıq tárbiyasında sáwleleniwi keleshek áwladtıń tálim-tárbiyasına, sana-sezimine hám minez-qulqına úlken tásir tiygizedi.

Sonıń ushın da búgingi jámiyetimizde jaslarımızdıń joqarı ádep-ikramlılıq tárbiyası ruwxında rawajlanıwı ushın dáslep óz ana-tilin, tariyxıy úrp-ádetlerin, dástúrlerin biliwi shárt. Sebebi, hár bir xalıq óz tariyxın bilmey turıp, ózgeniń tariyxın bile almaydı. Basqa xalıqlar sıyaqlı biziń qaraqalpaq xalıqınıń milliy úrp-ádetleri, perzent tárbiyalaw dástúrleri hám milliy tuyǵıları bar. Perzent tárbiyasında bulardıń barlıǵı úlken áhmiyetke iye bolıp ásirler dawamında milliy tárbiya tiykarında qáliplesip hám házirge shekem dawam etpekte. Milliy úrp-ádetler shańaraqta perzent tárbiyalawda úlken orındı iyeleydi.

Solay etip, dana xalıqımız ayıtqanınday «Jaqsı perzent esiktegi atanı tórge shıǵaradı, jaman perzent tórdegi atanı esikke shıǵaradı» degenindey perzent tuwılǵan kúnnen baslap, oǵan tárbiya beriw máselesi, birinshi orında turadı.

Tilekke qarsı ótken tubalaw dáwirinde pedagogikada sonday qaǵıyda bar edi: «Bala tuwılǵanda appaq qaǵaz, onı bir orıstıń yaki basqa millettiń tárbiyasına berseń, sol millettiń wákili bolıp, ósken ortalıǵına biyimlesip óse beredi. Tek jaqsı tárbiyalasaq boldı» degen kóz-qaraslar, pikirler bar edi.
Lekin sol balanıń qáliplesiwinde, dúńyaǵa kelemen degenshe ana organizminde, anasınıń ruwxıy dúńyası, salamatlıǵı, dúńya qarasları tiykarında, ata qanı, násilliktiń belgileri menen dúńyaǵa keledi.

Házirgi tsivilizatsiya, texnikalıq ásirdiń de ózine tán mashqalaları barshılıq. Ásirese biziń regionımızda ekologiyalıq mashqaladan jábir shegiwshi xalıq táǵdiri pútkil dúńya xalıqlarında táshwishlendiredi. Ekologiyalıq mashqalalar házirgi ilim-pánniń kúshi kelmeytuǵın dárejede ajırıq urǵanday háwij alıp, tamırlasıp ketken. Úlken jastaǵı adamlardan baslap, endi dúńyaǵa keletuǵın nárestege shekem bul jaǵdaydan qashıp qutıla almaydı. Sebebi xalıqımız

ayıtqanınday «Awırıw astan, daw - qarındastan» degen. Biz jep atırǵan azıq-awqatlar, usı azıq-awqatlar tayarlanatuǵın barlıq ónimler sor, duzlı jerlerden óndirilip, quramında duz basım, suw sirá duzlı. Adam denesin júdá kóp muǵdardaǵı duz iyelep, awırıwlar usınıń nátiyjesinde háwij aladı. Bul mashqalaǵa bir neshshe qániygeler, ekolog alımlar bas qatırıp, sheshimin izlemekte.

1992-jılı Nókis qalasında qániyge ginekolog shıpaker Oral Ataniyazova «Adam reproduktsiyası hám shańaraqtı rejelestiriw Qaraqalpaqstan Orayı»n «Perzent» húkimetlik emes shólkemdi uyımlastırdı. Usı shólkem tiykarında «Perzent» jurnalında jarıqqa shıǵardı. «Perzent» jurnalında ana hám balanıń den-sawlıǵın saqlaw, kemqanlıqtıń aldın alıw, xalıqtıń den-sawlıǵı hám ekologiyalıq ahwal, jas óspirimlerdiń ekologiyalıq sawatlılıǵın bayıtıw boyınsha úlken jumıslar alıp bardı.

1992-jıldan baslap tınımsız usı baǵdarda perzent tárbiyası táshwishi menen shuǵıllanǵan Oral Ataniyazova 2000-jılı Xalıq aralıq ekologiyalıq, jılına hár kontinentten bir adam sıylıqlanatuǵın, kóplegen mámleketlerge tanılǵan - «Goldman sıylıǵı»n alıwǵa miyassar boldı. Oral Áminovna xalıq arasında islegen jumısları, ekologiyalıq mashqalalardı sheshiwdegi tájriybeli úlesleri ushın bul sıylıqtı alıw menen birge ekologiyalıq jaǵdaylar háwij alǵan, ózi tuwılıp ósip jasap atırǵan Watanı, xalıqı ishinen shıqqan, ózi ushın, keleshek ushın pidákerlik miynet etken birinshi qaraqalpaq hayal-qızı boldı.

Jas áwladtı joqarı ruwxıylıq tiykarlarında tárbiyalaw ushın birinshi gezekte den-sawlıq, perzentlerdiń salamatlıǵı zárúr. Usınday kóz-qaraslardan kelip shıǵıp, perzent tárbiyasınıń kóp qırlı táreplerine tereńirek itibar bersek, eń aldı menen xalıq ishinde, xalıq jasaytuǵın mákan-aymaqlarda úgit-násiyat jumısların, túsindiriw jumısların júrgiziw kerek. Illyustratsiya ásirese jas balalardıń kóriw hám ol arqalı túsinik, sezimlerin rawajlandırıwda úlken

áhmiyetke iye. Balanıń yadında mórlenip, tárbiyasına tez tásir etetuǵın súwretlerdi jasaw-mákan jaylarǵa da kóplep ildirip qoyıw kerek. Bul isler júdá qıyın emes. Hár bir shańaraqta egede, úlken adamlar oshaq basınan baslap óz perzentlerin tazalıqqa, ádep-ikramlıqqa úyretip barıw arqalı ekomashqalanı jeńiw múmkin.

Joqarıda keltirip ótken faktorlarda insan organizmine baylanıslı, densawlıqqa baylanıslı mashqalalar bolsa, ruwxıy dúńyanıń bay, jetilisken, rawajlanǵan túrde qáliplesip barıwına da dana xalıqımız ózleriniń turmıs tájriybelerinen túygenlerin úrp-ádetlerinde, salt-dástúrlerinde áwladlarǵa miyras etip qaldırǵan. Perzent tárbiyasında náreste dúńyaǵa keliwden eń jaqsı ırımlardı islep, quwanıp júdá jaqsı kútip alǵan. Dúńyaǵa kelgen náreste tek awqatlanıp, emip ǵana ósip-ulǵayıp barǵan emes, ol ózine degen mehir-muxabbattı sezip, úsh kúnniń ishinde anasın tanıp aladı eken. Jası úlken, kóregenli analar «emshek beriwi teń boldı, jambas qaǵıwı kem boldı» -dep, basqa ana tárepinen emizilgen balanıń psixologiyasın sóyleydi.

Haqıyqıy anası onı sheksiz jaqsı kórip, qaqqıshlap, ayǵa, kúnge, juldızǵa, tulparǵa h. t. basqada ózi jaqsı kórgen nárselerine, hátteki mazmunsız uyqasqa kelgen sózlerdi de qurastırıp súysinip aytadı. Al oǵan tek emiziw zárúrligi tuwılǵan ana tek miyrimli túsip emizip beredi de haqıyqıy anasınday bolıp emirenip jaqsı kóre almaydı.

Dúńyaǵa endi kóz jarıp kelgen náresteniń kindigin kesiw zárúr. Usı jerden baslap dana xalıqımız «kindik sheshe» tańlaǵan. Kindik shesheni ekinshi anası dep te ataǵan. Sebebi toǵız ay, toǵız kún qarnında kóterip júrgen anasınıń minez-qulqınan beter, kindigin kesken «kindik sheshe» niń minez-qulqı balaǵa ótedi eken. Sonıń ushın da kindik shesheni jası úlken, awıl elge abıroylı, tájriybeli, turmıs sırlarına qanıq hayallardan tańlaǵan. Qońsıshılıq, aǵayinshilik, awıl-aymaqlıqta birge jasaǵan bunday hayallar tábiyiy túrde ózleri sebepshi

bolǵan, kindigin kesip ekinshi anasınday oǵan tirishilik etiwde birinshi járdem bergen adam bolǵanlıǵı ushın sol balaǵa degen kóz-qarası, mehr-muxabbatı basqasha bolǵan. Ǵamxorshısına aylanǵan. Geypara jaǵdaylarda qız balaǵa da kindik kestirgen. Bunday jaǵday kóbinen kóp balası turmaǵan shańaraqta júz bergen. Bul dástúrdi ózgertiw arqalı, bala turmay tuwıla-sala óle berse, ırım etip dástúrdi ózgertse, jaǵday da ózgerip, bala jasap ketiwi múmkin dep isengen. Bala tuwılǵanda joldası menen tuwıladı. Onı miywalı daraqtıń astına kómgen. Tuwılǵan náreste miywalı daraqtay bolıp óssin degen ırım menen.

«Iyt kóylek» - iyt kóylekti kóbinese enesi yaki murındıq apası jumsaq shıt tawardan, etek jeńin búkpey, jaǵasına eni uzın baw salıp tigetuǵın bolǵan. Bundaǵı maqset ósejaq perzenttiń ómir jolı uzaq bolıp, boyı irkinishsiz ósip, ulǵayıwın tilegen hám bala qırqına shıqqan kúni balanı iyt nesibeli bolsın degen niyet penen kóylektiń ishine nan toltırıp iyttiń basına kiygizip jiberetuǵın bolǵan. Sonıń ushında «iyt kóylek» dep ataǵan.

«At qoyıw» dástúri. Biziń xalıqımızda bala dúńyaǵa kelgennen soń úsh kúnniń ishinde at qoyatuǵın bolǵan. Nárestege attı oqımıslı, abıroylı, jası ullı adamlarǵa qoydırǵan. Bala at qoyıwda da eń jaqsı izgi niyetler menen, sol balaǵa qoyılǵan atı da baxıt keltirsin dep arzıw-ármanlar etken. At qoyıwshı adam náreste dúńyaǵa kelgen shańaraqtı jaqsı bilgen, olardıń arzıw-ármanların túsingen, shańaraqtaǵı jaǵdaylardı da esapqa alǵan halda at qoyǵan. Máselen: Náresteni dúńyaǵa keltirip atırǵan ananıń atı Húrzada bolsa, onıń qızına Gulzada, Xanzada, Palzada h.t. basqa dep uqsastırıp qoyǵan. Gulzada - gúldey zada qız bolsın, Xanzada - xanshayım qız bolsın, Palzada - palday mazalı perzent, palday ómir kórsin degen maǵanalardı ańlatadı. Máselen atlardıń mánis ańlatıwı Berdaq shayırdıń «Aqmaq patsha» dástanındaǵı Gulzar degen qızdıń atı, zindanda jer astında dúńyaǵa kelgen qız, gúldey qız, jer betin kóriwge «zar»,

«Gulzar» dep beriledi. Bul jerde Berdaqtay ullı klassik shayır qaraqalpaq xalıqınıń at qoyıw dástúrine súyengen halda dástanlıq shıǵarmasında bunıńday epizodtı tańlaǵan. Eger ul bala dúńyaǵa kelse ákesiniń atına uqsastırıw dástúri basım. Ayırım jaǵdaylarda «Alpamıs», «Qoblan» dep xalıq dástanlarındaǵı qaharmanlardıń atın qoyadı. Bul jaǵday Alpamıstay, Qoblanday márt bahadır, xalıqı súygen azamat bolsın degen niyette qoyıladı. Qızlardıń Gulparshın, Ayparsha dep qoyılıwıda dástandaǵı qızlar obrazına tiykarlanǵan. Qızları Barshınday aqıllı, sulıw, opadar, Gulayımday, Tumaristey márt bahadır, kerek jerinde er-jigitlerden qalıspaytuǵın kúshli-jigerli bolıwların tilep, niyet etken.

Biziń xalıqımız Islam dinine sıyınǵan musılmanlar bolǵanlıǵı ushın Payǵambarlardıń, qudaylardıń atların qoyıp, solarday qúdiretli tulǵalar bolıp jetilisiwin tilek etken. Hasıldar taslar, aspan deneleriniń unamlı qubılıslar, jaqsı qásiyetli haywanlar, ózleri tutınıwshı zárúr dep esaplaǵan ayırım ırımlar boyınsha úskenelerdiń atların qoyıwda dástúrinde bar. Mısalı: Altınbay, Altıngúl, Gumisay, Merwert, Feruza, Rawshan, Nurlıbay, Aybek, Kúnsulıw, Ayzada, Juldız, Arıslan, Qoshqar, Baltabay, Oraqbay h.t.b.

Duzǵa shomıldırıw - bul kúni balanıń barlıq bedenin duzlı suw menen shomıldırıw shárt bolǵan. Duzlı suw menen shomıldırıw arqalı denesin sırtqı hár qıylı mikroblardan saqlaǵan. Duz benen etin pisirip, ıssıǵa, suwıqqa shıdamlı etip tárbiyalaǵan. Ul balanı qalıń maldı az soraytuǵın jerden qız alsın dep 38-39 kún shomıldırsa, qız balanı 40-42 kún dawamında shomıldırıp qalıń malı kóp bolsın dep niyet etken. 40 kún dawamında usılay etip náreste duzlı suwǵa shomıldırılǵan. 40 kúnge toldı degende qırqınan shıǵarıw meresimi ótkerilgen. Shile suwına keleshekte balası pulı, nesiybeli bolsın degen niyet penen, tıyın, teńge salǵan. Birewler tasta salǵan. Minez-qulqı awır, salmaqlı bolsın degen ırım menen.

«Besikke salıw» - besikke salıw meresimi de bala ómirinde eń ayrıqsha kúnniń biri esaplanadı. Bunı kóbinen kóp jaǵdayı kelgen shańaraqlar «besik toy» dep aǵayın-tuwǵan, qońsı-qoba, jaqın tuwısqanların shaqırıp shashıw toy bergen. Besikke bólegendegi maqset bala denesiniń taza, dúziw ósiwi, jıllı jatıwı esapqa alınıp denesin saw-salamat tárbiyalaw da úlken áhmiyetke iye.

Balanı háyyiwlew - bul barlıq xalıqlarda da bar dástúr. Bul nızamlı qubılıs. Nárestesin jubatıwda, oynatıwda analar tábiyiy túrde óz balasın ardaqlap, ıńıldap qosıq etip háyyiwlegen. Háyyiwler arqalı bala ruwxiyatı rawajlanıp bayıp otıratuǵının búgingi ilimde tastıyıqlaydı. Háyyiw qosıqlarındaǵı tábiyiy ırǵaqlarda tań qalarlıq dárejede hár xalıqtıń ózine tán milliy kolariti sińdirilgen. Háyyiw yamasa besik jırlarınıń belgili bir pútkil xalıqlıq sıpat alǵan nama ırǵaǵınıń ózi onıń janrlıq ózgesheliginen derek beredi. Besik jırlarınıń yaǵnıy háyyiw qosıqlarınıń insan ómirindegi ornın áyyem dáwirden-aq bilip xalıq ólmes miyras etip usı dáwirlerge jetkizgen. Háyyiwler náresteni tek ǵana tınshıtıw yamasa uyıqlatıw ushın ádet bolǵan nárse emes, al onı sanalı insan urpaǵı etip tárbiyalawshı, balanıń organizmine hám ruwxı menen rawajlanıwına júdá jaqsı tásir etiwshi jırlar. Mısalı:

Qızım meniń qanday,
Aspandaǵı ayday,
Qızım meniń kim bolar,
Aq tamaǵı búlkildep,
Xosh hawaz búlbil bolar,
Háyyiw, háyyiw háy qızım,
Aq besigiń jay qızım.

Besiktegi bala kútimine, oǵan baylanıslı árman tilekler, aspan deneleri ayǵa, juldızǵa teńewler, búlbil, qozıshaq, qulınshaq teńewleri xalıqtıń jasaw, turmıs sharayatına baylanıslı dóretilgen qatarlar. Xalıq ishinde qız hám ul

balalarǵa qarata aytılatuǵın teńewler bar. Máselen qız balalarǵa ayım, juldızım, qundızım teńewleri kóbirek qollanılsa, ul balalarǵa qozıshaq, qulınshaq sıyaqlı teńewler kóbirek qollanıladı. Mısalı:

Balam meniń baldaydı,
Atasına uqsaydı,
Samalyottı meńgerip,
Lyotchik bolıp aydaydı,
Qulınshaǵım qayda eken,
Ayda, ayda, ayda eken.

degendey qatarlarda ul balalardıń háyyiwi termelenedi. Mısallar menen keltirilgen bul háyyiwlerdiń ideyalıq mazmunında tereń xalıqlıq tilekler, ana ármanı, ullı isenimler jatır. Ananıń jaǵımlı hawazı, besiktiń bir qáliptegi terbilisi, náreste ele sóz mánisin túsinbesede onıń organizmine, ruwxiyatına kirip baradı. Pedagogikalıq baqlawlarda ertek tıńlap ósken, háyyiw esitken bala ruwxiyatı júdá bay bolıp, ol úlkeygende jaqsı insan bolıp qáliplesiwine de negiz boladı eken. Háyyiw qosıqları yaǵnıy háyyiw aytıw dástúri dana xalqımız tárepinen dástúrlerge usılay aylandırılǵan.

Tusaw kesiw dástúri. Bala ǵaz-ǵaz basıp kiyatırǵanda yaǵnıy toǵız aydan bir yarım jas aralıǵında dawam etip tusaw kesiwge awıldıń juwırǵısh shaqqan bir topar balaların jınap juwıratuǵın bolǵan, bunda ozıp kelgen balaǵa tusawın kestirip ol balaǵa arnalǵan sıylıǵın beretuǵın bolǵan. Derlik Orta Aziya xalıqları sıyaqlı qaraqalpaq xalıqınıń da usınday mıńda bir ráń-bereń óz sırlarına iye, óz ishinde san-mıń tariyxtı jıynaǵan salt-dástúrleri bar. Usı salt-dástúrlerimizdiń bári de perzent tárbiyasına qaratılǵan bolıp, biri balanıń denesin tárbiyalawda áhmiyetli bolsa, biri oy-órisin, aqılın rawajlandırıwda hár jaqlama jetilisiwinde úlken ornı bar. Perzent tárbiyasında, bala ómiriniń mazmunlı qáliplesiwinde úrp-ádetler, salt-dástúrler unamlı tásir jasaydı. Biz joqarıda keltirip ótken xalıq tárepinen ısılǵan mol tájriybege iye bolǵan perzent

tárbiyasında alıp barılǵan xalıqlıq ırımlar, úrp-ádet, dástúrlerden úlgiler keltiriw arqalı olardıń unamlı qubılıslar ekenin aytıw menen birge Qaraqalpaqstan sharayatında bul usıldıń paydalı tamanları izertlenbegenligin aytıwdı maqset ettik.

Totalitar dáwirinde, ata-babalarımızdıń aqıl-násiyatları, ájayıp dástúrlerimizdiń áhmiyeti tuwralı aytıw nadurıs esaplanıp kelindi. Olar eskiliktiń qaldıǵı dep jaman at taǵılıp kelindi. Hátteki besikti «aǵash zindan» dep atap, onda balanıń bóleniwi onı azaplaydı, besikke salıw durıs emes dep meditsina xızmetkerleri tárepinen waz oqılatuǵın edi. Milliy xalıqlıq tárbiya boyınsha miyraslarımız úyrenilmedi. Xalıq pedagogikası, etnografiya, fol`klor izertlenildi. Biraq olardıń ob`ekti tek maǵlıwmat beriw, áhmiyetli táreplerin asha almadı. Máselen etnogroflar: X. Esbergenov, A. Bekmuratova, R. Kamalova, N. Tilewbergenovlardıń miynetleri usılardan ibarat. Fol`klorda tap usınday jaǵdayda boldı. Erteklerdi eringenniń ermegi, sawatsız xalıq jazıw-sızıwdı bilmegennen soń ármanların ertekke salıp aytqan yamasa tábiyat sırların bilmese onı da óziniń fantaziyası menen bayan etip otırǵan dep qarap keldi. Házirgi kúnde bunday kóz-qaraslardıń qáte ekenligi ilimiy jaqtan dálillenbekte. Máselen, akademik J. Bazarbaev «Burınǵı keńes húkimeti dáwirinde milliy hám ruwxıy tárbiya shetke súrilip qoyıldı, aqıbetinde balalar tárbiyasında ata-ananıń juwapkershiligi páseyip ketti. Ósip kiyatırǵan jas áwlad tárbiyasında ata-ana beretuǵın tárbiya júdá úlken áhmiyetke iye» - dep úsh basqıshınayqın ráwishte kórsetip beredi. Birinshi basqısh násilikke baylanıslı, bala tárbiyasına tuwılmastan burın baslanıwı kerekligi. Bolajaq ata-ananıń sawlıǵı, perzent tárbiyalawǵa juwapkershiligin esapqa alıwı lazımlıǵın aytadı. Usı jerde házirgi dáwirde perzent tárbiyasında milliylik saqlanbaqta, úrp-ádetler, dástúrler qayta janlanıp turmısqa engizilmekte. Xalıqımızdıń bay mánawiy ruwxiyatın bayıtpaxtımız dep úlken súrenler menen aytsaqta, kemshilikler biziń turmısımızda joq emes. Máselen ele turmıs qurıwǵa tayar emes, shańaraq degen

altın uyanı ne menen soǵıp bayıtıw kerekligin bilmeytuǵın, ele ózin asırap saqlayda almaytuǵın, belgili bir qániygelikke iye emes, óneri de joq jaslar kópshilik. Tek eki jastıń bir-biri menen jubaylasıwǵa bolǵan umtılıwshılıq intimlik qatnastıń talabı menen qosıladı. Waqıtsha jaqsı jasaydı. Keyin ala uqıpsız, qániygeligi joq jaslar eki jaqtaǵı ata-ananıń milletlerine qala baslaydı. Sonıń arasında balalı boladı. Dúńyaǵa kelgen perzent tuwılaman degenshe de ata-anası menen ruwxıy halattı birge keshiredi. Tuwılǵannan soń da táǵdiri tamasha. Onı dúńyaǵa keltirgen ata-anasına endi shańaraq kóteriw ushın dúńya mal kerek. Sonı izlep, balanı basqaǵa: tuwısqanlarına, ózleriniń ata-analarına taslap ketedi. Bul jaǵday massalıq xarakterge iye táshwishli mashqala.

Hámme nárseni sóyletip jiberseń bilgish, aqıllı adamlar yaǵnıy úlken ata-analar óz balalarınıń usınday jaǵdaylarına ózleri sebepshi. Óz násilleriniń keleshegine biyparq qaraydı. Bul faktor nemquraylıq, ózi boladılıq, kórgensizliktiń aqıbetlerinen payda bolıp atır. Ekinshi basqısh - hámledarlıq dáwiri dep kórsetip, alım bunı ishkilik, jegilik, hayal psixologiyasınıń jaqsırawın názerde tutadı. Bul jaǵdaydı da kritikalıq pikirler menen kóz-qaras bildirsek, biziń xalqımızdıń dástúrinde táwir taǵamdı qonaqqa saqlap qoyadı, al ózleri jemeydi. Oǵan qosımsha kópshilik hayallar ústine kúnde bir kóylek kiyedi de, shańaraqta tatımlı tamaq tayarlawdı umıtadı. Ósip atırǵan perzentlerine de nemquraydılıq penen qaraydı. Usınday faktorlardı dizip ayta berseń kóp. Danalardıń ayıtqanınday: «Adamnıń kúshi-awqatdandur, aqılı-hikmettendur». Durıs awqatlanıw da den-sawlıqqa, násilge tásiri bar. Kemqanlıq, yod jetispewshilik, er balalarda er jetkennen soń yamasa úylengennen soń násillik urıǵınıń hálsizlik jaǵdayları házir sır emes. Bulardıń barlıǵı waqtında bala kútiminiń jaqsı bolmaǵanlıǵınan derek beredi.

Usı jerde kerisinshe kóp awqat jewshilikten de zıyanlı jaǵdaylardıń júzege kelgenligin mına keltirgen mısaldan kóriwimizge boladı. «Biziń awqatlarımız

júdá kúshli hám koloriyalı. Bul biziń babalarımızdan qalǵan, tábiyattıń qıyın qatal kúshleriniń aldında shıdamlı, tózimli bolıwı ushın kelip shıqqan…..Góshli, maylı awqatlarǵa toyıp, adamlar qıstıń kúnlerinde malǵa shıqqan, dalada bolǵan, atızda islegen, atlı alıslarǵa ketken, teńizlerde balıq awlaǵan. Olardıń awqatları sińgen. Al házir alısımızdı jaqın etken transportlar kóbeyip, qol miynetiniń, aqıl miyneti menen almasıp, adamda háreket kemeygen gezde koloriyalı awqatlardı sińdiriw qıyın» - dep kórsetiledi. Usınday kem háreketlik, asa semiriwshilikten omırtqada kistalar kóbeyip, qant keselligi, kistalar-ósimtelerdiń kóbeyiw kesellikleri kóbeyip ketti. Bul jaǵdaylarda násilliktiń jaqsı rawajlanıwına keri tásir etiwshi faktorlar.

Úshinshi basqıshta balanıń jeke tulǵa bolıp qáliplesiw dáwiri dep kórsetedi. Bul balanıń 6-7 jaslardaǵı dáwiri. Dana xalıqımız aytqanınday «Bolar bala bes jasında bellidur». Bala jasap turǵan ortalıǵında jaqsı tárbiya kórse, jeke tulǵa sıpatında durıs, aqıllı perzent bolıp kamalǵa kele baslaydı. Ata-ana úlken juwapkershilik penen hadal, miynetkesh, átirapındaǵı qubılıslarǵa durıs kóz-qaraslar menen tárbiyalap barsa, bala kewilge muwapıq perzent boları sózsiz. Joqarıda keltirilgen perzent tárbiyasında dástúr hám meresimlerdiń áhmiyeti hám perzent tárbiyasına tásir etiwshi faktorlardıń barlıǵı haqıyqıy turmıs shınlıǵı, turmıs mısallarınan keltirip otır.

Perzent tárbiyası arqalı joqarı ruwxıylıqqa jol tabıwda kózde tutılǵan unamlı ırımlar, úrp-ádet dástúrlerdi qollanıw arqalı, unamsız hádiyselerdi saplastırıwǵa háreket etilse, talapqa muwapıq boladı. Perzent tárbiyası oǵada quramalı protsess bolıp esaplanadı. Matematikanıń eń qıyın ámellerin formulaǵa salıp sheshiw múmkin, biraq tárbiyanıń belgili bir qaǵıydası, formulası joq. Sonıń ushında hár bir jańa áwlad jańa talaptı, ózgeshe qatnastı talap etedi. Tárbiyanı tolıq júz payız berip boldım yaki aldım dep esaplawda nadurıs. Insanǵa tárbiya besikten-qábirge shekem zárúr.

## 3.2. Ata-ana tiykarǵı tárbiyashı

Balalarǵa ata-analar hám kerisinshe ata-analarǵa balar ne ushın kerek.

- Haqıyqatanda da bul bir mánidegi ápiwayı másele emes. Balanıń jaqsı deni saw bolıp ósiwi ushın onı dúńyaǵa keltirip tárbiyalap atırǵan óz ata-anaları kerek pe yamasa nárestenıń keleshekte aqıllı, ádepli bolıp shıǵıwı ushın olardı arnawlı bilimge iye qánigeli tárbiyashılarǵa tapsırıw krek pe degen tartıs bir neshe mıń jıllardan berli dawam etip kelmekte.

Áyyemgi Gretsiyada jasaǵan Ploton, Sokrat pikirin dawam etip mınaday degen edi: jer júzindegi barlıq miyrimsizlik adamlardıń menmenligi olardıń hár qıylı qatlamlarǵa bóliniwi-eń dáslep bala tárbiyasında sem`yadaǵı sharayattıń bir tegis emesliginen kelip shıǵadı. Ata-analardıń óz perzentlerin hádden tıs jaqsı kóriwi - «ózim bolsam» hámelparaslıqqa, soday-aq adamlardı bir-birinen ayıratuǵın, olar arasındaǵı dushpanlıqtı keltirip shıǵaratuǵın qásiyetlerdi júzege keltiredi. Sokrattan sońǵı jasaǵan filosoflar, pedagoglar, bul máseleni dıqqattan shette qaldırmaǵan menen, usı problemaǵa hár qıylı kóz qarasta bolǵan.

Bunnan 25 jıllar ilgeri geypara abıroylı ilimpazlarımız arasında bala tárbiyasın «besikten-joqarı oqıw orınlarına shekem mámleket óz qarawına aıwı kerek» degen pikirler boladı. Birak, sońǵı waqıtları ilimpazlar bul pikirin ózgertti. Sebebi olar óz tájiriybelerinde: ata-analar muhabbetti, olardıń óz perzentleri menen qaram-qatnası, kishkentaylarǵa hawa menen suwday zárúr ekenligin anıqladı. Balanıń garmonikalıq rawajlanıwın sem`ya tárbiyasınan bolıp qaraw múmkin emes. Sem`ya tárbiyası jáamiyetlik tárbiya menen birgn qosıp alıp barıladı hám bekkemlenedi, al bulardı qarama-qarsı qoyıw hesh múmkin emes.

Pediatorlardıń tastıyqlawınsha, úsh jasqa shekemgi balalardı bir neshe ay ǵana ata-ananıń «mehir-muhabbetinen ayırıw», olardıń aqıl morallıq emotsiyalıq rawajlanıwına kúshli zıyan tiygizedi eken. Adamnıń keleshektegi ruwxıy turmısı

ushın nárestelik dáwirden-aq fundament jasaladı. Keleshekte buǵan qanday jay qurılıwı-onıń úlken kishiligi, bekkemligi, qanday dárejede bolıwı, usı fundamenttiń neden hám qalayınsha qurılǵanlıǵına baylanıslı boladı.

Jeke adamnıń ruwxıy, emotsional tiykarın júzege keltiriw-bul shańaraqtaǵı tárbiyanıń maqseti hám mazmunı bolıp esaplanadı.

- Nekelik guwalıqqa iye, perzent kórejaq ereseklerdiń barlıǵı da, mine usı quramalı wazıypanı orınlawǵa tayar ma? Onı orınlawǵa neler járdem beredi, neler kesent keltiredi? Buǵan ilim ne dep juwap beredi?

Gáptiń jáne muhabbetten, sezimnen (emotsiyadan) baslaymız. Házir geypara izertlewshiler balalardı baqshada tárbiyalawdıń zárúrligi joq degen piierde. Olardıń asıǵıslaǵı túsinikli. Muhabbet-muhabbet arqalı tárbiyalanadı demekshi bolǵan shıǵar. Al tárbiyashı qanshama maǵlıwmatlı, mehriban bolsa da baqshadaǵı jigirmalaǵan náresteniń hár qaysısına óz anasınday ǵamxorlıq ete ala ma?

Biraq biz pedagogikalıq hám ekonomikalıq pikirlerge súyenip, házirshe balarımızdı basqasha tárbiyalawdan bas tarta almaymız.

Haqıyqatında óz balaların qay jerde hám qalay etip tárbiyalaw máselesin sheshiwde ata-analardıń óz erkine qaldırıwdı usınıs etetuǵın ilimpazlardı durıs pozitsiyada tur dep esaplaymız. Durıs, olar bunday joldı tańlaǵan ata-analar ekonomikalıq jaqtan járdemge mútáj degen pikirde boladı. Bul da úlken áhmiyetke iye.

Ata-ananıń mehir-muhabbetin kórmegen bala (ata-anası tiri bolsa da) tiri jetim boladı. Biraq, ata-ananıń óz-ara qarım-qatnaslarınıń qalay ekenligine bala itibarsız qaray almaydı. Qansha jas bolsada ata-ananıń erkeletkenleri yamasa kerisinshe urıs-jánjelleri, bala sezimine tez hám kúshli tásir etedi. Bul tuwralı pedagogika ilimleriniń doktorı V. I. Kochetkova bılay dedi: «Ata-ananıń bir-birine bolǵan muhabbetin balaǵa tásir etetuǵın tiykarǵı tárbiyalıq faktorǵa aynalıwı múmkin. Gáp balalarǵa ǵana emes, al ata-analardıń bir-birine bolǵan

muhhabbetinde bolıp otır. Jas jubaylar qosılıp, sem`ya bolǵan dáslepki waqıtları kóp qáteler jiberedi. Biraq usı qátelerdiń zıyanı olardıń óz-ara muhabbetleri, jeke sezimlerine itibarsızlıqtan payda bolatuǵın zıyannan kóp bolmaydı. Ata-analardıń bir-birin jaqsı kórgen muhabbetinen balaları ayrıqsha lázzet aladı. Usınday muhabbet bolmasa dúńya ózgeshe kórinedi. Qollanılatuǵın hár qıylı pedagogoikalıq sharalar da balaǵa tásir etiwshi kúshin joytadı» V. A. Suxomlinskiy de balanı jaqsı kóriwge úyretiw-onı turmıstaǵı eń zárúrli nársege úyretiw dep esaplanadı.

Qullası, ata-analar óz balalarına eń dáslep keń mánistegi «jaqsı kóriwshilik muǵallimi» sıpatında zárúrli. Eger ata-analar bolmasa, bul wazıypanı eń jetik professional` oqıtıwshılar da orınlay almaydı. Aytayıq, bir tárbiyashıdaǵı tárbiyalanıwshılardı sem`yadaǵı balalardıń sanına keltirip tárbiyalasaq ta úydegi tárbiyalanǵanday nátiyje bermeydi. Sebebi, onda ata-analardıń óz-ara jeke qatnasıqlarınan taraytuǵın nur jetispeydi. Hátteki, ata-analar da súyikli perzentlerinen ayırılıp kóp jábir kóredi.

«Bala ózi tuwralı ǵamxorlıq» bolǵanınday hám bul nárse oǵan dúńnıń bekkemligin seziwge járdem bergenindey, úlken jastaǵı adamlar da basqalarǵa ǵamxorlıq etiw, ózinen ázzilerge járdem kórsetiw zárúrligin sezedi. Solay etip ol kúsh ǵayratınıń hám óziniń basqalar ushın áhmiyetliligin túsindiredi. Bul ásirese ata-analardıń sezimlerinde kórinedi» dep jazǵan edi I.S.Kon.

Ata-analardıń óz perzentlerine neni inam etetuǵınlıǵınan biziń azlı-kópli xabarımız bar. Biraq úlken jastaǵı adamlar ózleri dúńyaǵa keltirgen balaları aldında qanday wazıypalardı orınlaw kerekligin geyde seze bermeydi.

L.N.Tolstoydıń xatları arasında mınaday jazıwlar bar: «Egerde, adamzat milliardlaǵan tiri maqluqlardan ibirat bolıp, onıń sanı kóbeymese yaki azaymasa biziń qay jerde bolıp hám nege aylanıp ketetuǵınımzdı allanıń ózi bilsin! Sonda

bizler, sóz joq, mıń mártebe aqıllıraq, danaraq hám sonıń menen birge mıń mártebe jamanıraq adamlar bolıp keter edik!»

Tómendegi xat usı qatarlardıń avtorına, zamanlasımız texnika ilimleriniń kandidatı V. Belyaninnen kelgen. «Men, máselen shegiwden hám bul zıyanlı ádetten ańsat qutıldım. Bunday erkimniń kúshin kórsetiwime meniń ele de tuwılǵan balalarım sebepshi boldı dep esaplayman. Balanıń tuwılıwın kútiw, sońınan balanıń tuwılıwı adamnıń ózin-ózi tárbiyalawı, zıyanlı ádetlerden qutılıwı ushın, kóbinese bizge jetispey qalatuǵın sabırlı bolıwǵa úyretiwde xoshamet beretuǵın faktorlardan esaplanadı».

Ata keleshekte óz perzentlerine qadaǵan etetuǵın nárseni ózine de qadaǵan etedi – mine, bul haqıyqat moral`dıń birden-bir durıs jolı bolıp, ol hámmeni jeke adamlardı jaqsılıqqa iytermelydi.

Joq, házirgi balalar ózin aqlay almaydı. Olarǵa jiberilip atırǵan ǵárejetler, kúsh-jiger hám aqshalar mol bolsa da, hesh qanday nátiyjesi joq.

Bunday ashınarlı sózlerdi ǵarrılardan emes, basqalardan esitiwge tuwra keledi. Ásirese, jas-jubaylar perzentli bolıwǵa asıqpaǵanda yaki bir bala menen sheklenip qalǵanda bunday pikirler tez-tez aytıladı. Bir kúni gúrrińlesiw paytında jas kúyew mınaday degen edi: «Men úlkeygenshe ata-anamnıń maǵan bolǵan qanshama qıyınshılıqlar kórgenin bilemen. Sonlıqtan men erikli túrle bunday sınawlarǵa túse almayman»

Hámme oǵan usap, ózinen basqana oylamaytuǵın menenmenlerge aylanǵanında jámiyettiń awhalın oylap kóriń. Haqıyqatında da, adamzat násillikti toqtatsa ne bolatuǵının bilesizlerme? Onda júrgizip atırǵan izertlew jumısları, joqarı dárejedegi iskusstvo, ilim hesh kimge kerek bolmay qalar edi. Egerde násillik, biziń ómirimizdi dawam ettiriwshiler bolmasa, bunday jumıslar ne ushın kerek? Biz juwabın ıqlas pepen izlep atırǵan «ullı hám máńgilik

sorawlar» ǵa juwap beriwdiń nege keregi bar, eger olardıń ómiriniń dawamı áwladı bolmasa?

Adamzat tariyx toplaǵan baylıqarınan ráhátleniwdan basqa ilajı joq. Áskeriy kataklizmdi basınan ótkerip atırǵan adamlardıń moynında hámme waqıt eń zárúr, tiykarǵı nárse-úmit saqlanıp qaladı. Onda birew tiri qalıp, bul wayranshılıqtan aman shıǵıp ketedi, jiberilgen qátelerdi dúzetedi, wayran bolǵan jaylardı jańadan saladı! Perzentler kóredi hám olardı ósiredi. Usı jańa áwlad qolı menen jańa turmıs quradı dep úmit etedi.

Perzentsiz jámiyet bunday úmitten júdá boladı. Úmitsizlikten qorqınıshlı nárse barma eken sirá?

Ómirge jańa adamdı keltirmewge bolama? Óirińniń dawamı bolǵan perzentten qalay gúder úzeseń? Sonlıqtan da kópshilik xalıqlarda óz násilin biykarlawdı adam óltirgenindey awır gúná dep esaplaǵan. Kimde kim onday qararǵa kelse, onıń keleshegi nabıt boladı, ótkizgen ómiri de umıtıladı. Babalarımızdıń babaların ata-anaları hár qıylı aptlardan, keselliklerden, oqjaydıń ótkir ushlarınan qalay aman qutqarıp qalǵanlıqların kóz aldımızǵa elesletiw ushın adamnan júdá kóp aqıl talap etiledi.

Qáne, biz de «balalar ne ushın kerek?» degen soraw qoyayıq.

Tolstoy «Kreytser sonatası» na jazǵan sońǵı sózinde mádeniyatqa erisken xalıqlarǵa tán bolǵan mınaday bir ózgeshelik kórsetken edi: «bilim dárejesi, ulıwma mádeniyat xám turmıs abadanlıǵınıń ósiwi menen birge, balalarǵa kóz-qaras, er hám hayal arasındaǵı qarım-qatnaslarda balalardıń roline baha beriw de ózgeredi».

«…Biziń jámiyettimizde ıshqıǵa berilen jalǵan sezim nátiyjesinde bala tuwıw óz áhmiyetin joǵalttı hám ol er hám hayal arasındaǵı qatnasıqlarıdıń maqsetin hám olardıń úmitlerin aqlawshı quralı bolıwı ornına, ıshqı muhabbet

qatnasıqların waqtı xoshlıq penen ótkeriwge kesent keltiretuǵın irkinish bolıp qaladı».

Shańaraq problemasınıń házirgi izertlewshileri: jas jubaylar birinshi perzentli bolǵanda kóbinese olar ele bala haqqında oylanbaydı da, olar atalıq hám analıq quwanıshların seziw ushın perzentli bolmaydı dep kórsetedi. Bolajaq analar menen ótkizilgen soraw juwaplar nátiyjesinde mına nárseler anıqlandı: kóplegen jas hayal-qızlar «usınday bolıp qalǵanlıqtan» tuwıwǵa májbúr ekenin aytadı. Júklilikti toqtatıw-qorqınıshlı, al tuwıw onsha uwayım emes dep juwap beredi. Bul baǵanaǵı mısalımızdıń dál ózi, yaǵnıy birinshi bala jas jubaylar ushın «syurpriz» - kútilmegen sawǵa. Ata-ana bolıw, balalı bolıw, olardıń oyında da bolmay, olardıń ózleri menen ózleri áwere edi. Bul waqıtları olardıń barlıq dıqqatı kimniń ne aytqanına, onıń qanday qatnasıqta bolǵanına, ne satıp alǵanına qaratılǵan boldı. Perzenttiń dúńyaǵa keliwi menen payda bolatuǵın qubılıslarǵa, bala tuwılǵannan sońǵı onı baǵıw menen aylanısatuǵın kúnlerdegi mayda-shúydelerge onsha itibar bermeydi.

«Bolajaq anaǵa tınıshsızlanıwǵa bolmaydı», «emiziwli hayalǵa sharayat, rejim hám tınıshlıq kerek» degen gáplerdi jas jubaylar tez-tez estedi. Áste-áste áke bolıwǵa tayarlanıp atırǵan jas jigit kelinshegine bolǵan qarım-qatnasın jaqslılawǵa, kishipeyil bolıwǵa háreket etedi. Usı waqıtta onda hayaldı shawqımnan, ashıwdan saqlaw kerek degen pikir payda boladı. Solay etip, ele dúńyaǵa kelmegen yamasa jańa tuwılǵan bala usı waqıttan baslap-aq anasına ayrıqsha áhmiyetke iye insan ekenligin bildiretuǵın sezim payda etedi. Sol arqalı anasın hár qıylı baqırıs-shaqırıstan, kewil qalıstan arashalaǵanday boladı. Al ákesine qayırxomlıq kórsetiw imkaniyatın beredi. Endi ákesi ózin bala hám ananıń qorǵawshısıman dep sezedi. Perzent ákeniń keń kewilli, sabırlı, shıdamlı, naǵız insan bolıwına jaǵday tuwǵızadı.

Bunday qásiyetler er hám hayal arsındaǵı jeke qatnasıqlarǵa ǵana zárúrli bolıp qalmastan qálegen qánigelikten de paydalı. Sebebi, jumısta yaki basqa orınlarda hayal-qızlarımız óz kásiplesleri bolǵan erkeklerdiń xarakterindegi usınday qásiyetlerdiń jetispeytuǵınlıǵınan kóbirek nalıydı. Úyimizde bala qansha az bolsa morallıq tájiriybemiz de sonshelli kem boladı. Biz ózimizdegi qásiyetlerdińde az ekenligin seze baslaymız.

Balalıqtıń kúshi – adamlardın júreginde miyrimlilik sezimdi payda etetuǵınlıgında. Balalardıń quwanıshı hám isenimli kózleri neshe adamlardı natuwrı islerden, aqmaqlıqtan, ádepsizlikten, ádilsizlikten, qutqarıp qalǵan. Ata-analar baqırısıp qalıp, bir-birine tásir etiwdiń barlıq qurallarınan paydalanıp bolǵannan keyin, bir-birine «hesh bolmasa baladan uyalsań boladı ǵoy» dep keyiydi. Rastan da bul gápti esitken erli-zayıplılar dárhal esin jıyıp, uyalıp qaladı. Ata-analar ózleri sezbese de óz perzentlerin sem`yanıń namısın hám hújdanın saqlap qalatuǵın morallıq sudqa teńeydi. Balalarına qarap oǵan qarım-qatnas jasaw arqalı adamlar morallıq uqıplılıq hám kónlikpelerge iye bolıw menen birge, balaladıń járdeminde ózleriniń oylaw dárejesin keńeytedi, paydalı ádetlerdi kóbeytedi. Miynet hám dem alıwdıń qálegen formasında bizdegi qásiyettiń, uqıptıń, sapanıń bir bólegi talap etiledi. Birde biziń aqıl-oyımız, birde miynetimiz shaqkanlıgımız, sezgirligimiz yaki házilkeshligimiz kerek boladı. Al bala ushın ata-ananıń aqılı da, qolları, kúsh ǵayratı keń peyilligi kóz-qarasları, sesti, hátteki ata-anaǵa tán bolǵan isleri de kerek hám qádirli. Olardıń nelergne qızıǵatuǵınlıǵın intellektual hám fizikalıq shınıǵıwları xaqqında ayırım toqtalıwdıń zárúrligi de joq.

Hár qanday iske kirisiwge tayar turǵan balalar kóbinese úlkenlerdi de óz toparına qosıp aladı. Sonlıqtan olar ata-analardıń tek óz kásibi menen ǵana shuǵılanıp qalıwına múmkinshilik bermeydi. Jas ata-analar balası sebepli uzaq dawam etetuǵın seyillerge toǵayǵa, parkke baradı. (Burınları búytip qıdırıwǵa

múmkinshilik joq edi yamasa jaqpaytuǵın edi). Seyil waqtında balalar hár nárseni soray berip ata-anaların jalıqtırıp ta jiberedi. Máselen, qumırısqa kishkentay bolsa da ózinen úlken shaqanı qalay súyrep baratır? Onıń bulshıq eti bolmasa kúshti qayaqtan aladı? Shınında da qumırısqa sonsha kúshti qayaqtan aladı dep ata-analar da oylanıp qalıp, kitapxanaǵa barıwǵa májbúr boladı. Berilgen sorawlarga juwap izleydi. Mısalı, hár nársege qızıǵatuǵn bir qız xudojnik ákesine gúbeleklerdiń, iyneliklerdiń, mayda qurt-qumırısqalardın sulıw hám hár túrli bolatuǵınlıǵın seziwge járdem bergen. Bulardın hámmesin burın ákesi kórse de, olardıń sulıwlıǵına gózzallıǵına dıqqat awdarmaǵan eken. Ol endi entomologiya menen shuǵıllanıwǵa májbúr bolǵan. Basqa bir shańaraqlarda anası óz ulı yaki qızı menen muzıka sawatın úyrenedi, súwretler saladı, hátteki piship-tigiwge de háreket etedi. Bul úy jumısların úyreniw sabaǵı ushın kerek. Al ákesi bolsa konstruktorlıqqa beriledi.

Mine, bul shınıǵıwlardıń barlıǵı da bizdi oylandırıp, umıtılıp ketken bilimlerimizdi yadqa túsiredi hám bizdi jańa maǵlıwmatlar menen bayıtadı. Solay etip, balalarǵa járdem bergen, sońınan aqlıqlarına kómeklesken ata-anaları, mektep programması boyınsha basqıshpa-basqısh kóteriledi, yaǵnıy olar dúńya haqqında traditsiyalıq túsinikler menen sheklenbesten óz sansın jańa bilimler menen bayıtıp baradı. Máseleniń ekinshi tárepi mınadı, bunday jaǵdayda biz qáleymiz be, qálemeymiz be bári bir balalar úlkenlerdi muǵallimge yamas dárhal oqıwshıǵa aylandırıp jiberedi. Úlkenler balalardı oqıtadı, olar menen qosılıp oqıydı, olardan kóp nárseni úyrenedi de.

Bunnan mınaday juwmaq shıǵadı. Balalar úlkenlerge júdá kóp irili maydalı, ásirese xojalıq jumısların kóbeytiw arqalı, olardıń dıqqatın úyrenip qalǵan kúndelik jumıslarına ajıratıwǵa májbúleydi. Olardın pikir hám oyların turmıstıń tawsılmaytuǵın mángilik máselelerine awdaradı. Solay etip olar úlkenlerde jańasha kóz-qaras jańa sezimlerdi payda etedi.

## 3.3. Balalardı joqarı ruwxıylıqqa tárbiyalaw ádep-ikramlıqtı úyretiw máselesi

Balalarda isenim ádebin tárbiyalaw onıń oqıwında, shaxsıy turmısında, kelesi islerinde, jámáát arasında qattiy hárekt qılıwında úlken áhmiyetke iye. Isenim bolmaǵan adamda batıllıq bolmaydı. Batıllıq hám isenim bolmasa, baslanǵan hár qanday is nátiyje bermeyddi. «Ózbekstan –keleshegi ullı mámleket» degen sózde sol tereń pikir óz kórinisin tapqan. Sonıń ushında Ózbekstan respublikası Prezidentiniń 2018-jil 30 sentyabrdegi "Mektepke shekemgi tálim sistemasın basqarıwdı jetilistiriw is-ilajları haqqında" ǵı PQ 3955 sanlı qararı qabıl etildi. 2030-jılǵa deyin rawajlandırıw kocepciyası tastıyıqlandı. Bunnan maqset osip kiyatirǵan áwladtı saǵlam hám hár táreplem jetik qılıp tarbiyalawdan ibarat [13].

Málim bolǵanday, bala «ózińe isen, basqalarǵa isenbe» degen tek ǵana gáp penen usı násiyatqa ámel qıla bermeydi, Maqsetine erisiw ushın balanıń sezimlerine tásir qıla biliw lazım.

Xalqımız «Bir kún jánjel shıqkan úyden qırıq kún bereket qashadı» degen naqıl bar. Buǵan xalqımızdıń ózi gúwa bolıp turıptı, tınıshlıqtı qarar taptırıw haqıyqatına tárbiyalıq úgit hám jollamalar óz kórinisin tapqan. Hár bir sabaqta, klastan tıs bárshe tádbirlerdi usı ideya, tınıshlıq súyiwshilik siyasatı balalar ańına sińdiriliwi lazım. Sebebi, tınıshlıqsız hesh nársege erisip bolmaydı. Apıl-tapıl júrip atırǵan náresteni tuwrı júriwge úyretiw yaki birinshi márte shıǵıp atırǵan náreste tislerin tegis, shıraylı rawajlandarıw tuwrısında ǵamxorlıq qılıw hám usı sıyaqlılar ata-ananıń áhmiyeli wazıypası.

Mekteplerde oqıwshılarǵa, orta arnawlı bilim jurtlarında tıńlawshılarǵa, joqarı oqıw orınlarında talabalarǵa berilip atırǵan teoriyalıq bilim jergilikli mısallar, dáliyller átirapında, jáne kóz aldında bolıp atırǵan waqıya hám hádiyseler analizi járdeminde berilse, úyrenilse, ol tez hám puxtaraq úyreniledi.

[13] 2018 йил 30 сентябрдаги «Мактабгача таълим тизимини бошқаришни такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида»ги ПҚ-3955-сон қарори/

Insannıń insanlıǵı birinshi gezekte onıń ruwxıy ádep-ikramlıq tárepten bárkamallıǵı, pákligi menen belgilenedi. Ruwxıy ádep-ikramlıq tárbiya túsinigi keń qamırawlı túsinik. Ruwxıy ádep-ikramlı bárkamal insan ata-anası, perzentleri tuwǵan-tuwısqanları ulıwma barlıq shańaraq aǵzaları, qońsı-qoba, máhálle, awıllasları hám pútin mámleket xalıq parawanlıǵı haqqında qayǵıradı: dógeregimizdi orap alǵan insanlar ushın kerek bolǵanı sıyaqlı, ózi de olarǵa kerekli adam bolıwǵa umtıladı: ádep-ikramlı, minezi-qulqı jaǵımlı qılıwdı insanıy wazıypa dep esaplaydı: ata-babalardan miyras bolıp qalǵan mádeniy miyrastı qádirleydi; milliy qádiriyatlardı asıraydı hám olarǵa sadıq bolıp qaladı; watanparwarlıq, xalıqparwarlıq, insanparwarlıq tuyǵılarınan qarar tapqan boladı; birewdiń awırın jeńil qılıwǵa ádetlenedi; ulıwma xalıq maqullaǵan hám húkimet tárepinen qabıl qılınǵan Konstitutsiyanı húrmet qıladı hám oǵan sadaqat úlgilerin ámelde kórsetedi; Watandı qorǵaw, basqasha aytqanda áskeriy - watanparwarlıq tuyǵıları menen jasaydı; diyanat hám ádalat, miyrip-shápáát hám ezulikni qorǵaydı, wádege opalı bolıwdı ózine ádet qılıp aladı.

Ulıwma alǵanda, Ózbekstanda jámiyetti túpten jańalaw hám onı hár tárepleme rawajlandırıw xalıqtıń dúńyaqarası, ruwxıylıǵı menen baylanıslı. Bul haqqında I.A.Karimov bılay jazadı: «Ózbekstandı jańalaw hám rawajlandırıwdıń óz jolı tórt negizge tiykarlanadı. Bular:

- ulıwmainsaniy qádiriyatlarǵa sadıklıq;
- xalqımızdıń ruwıxıy miyrasın bekkemlew hám rawajlandırıw;
- insannıń óz imkaniyatların erkin kórsetiwi;
- watanparwarlıq

Ulıwmainsaniy qádiriyatlarǵa sadıqlıq, birinshide, ádalat hám teńlikte kózge túsedi. Insan qádir-qımbatın bahalawda mine usı ádalat hám teńlik áhmiyetli rol oynaydı. Insan ádalat hám teńlikke shańaraqta, máhállede, jasaytuǵın jerinde, jámáát arasında, jumıs ornında, táminat protsesinde, sawda-

satıq orınlarnıda ulıwma hár waqıtta mútáj boladı. Ásirese, basshılardıń miynetkeshlerge, hákimshilik hám huqıqıy organlarınıń adamlarǵa bolǵan múnásibeti xám kóz-qaraslarında ádalat xám teńlik jánede ayqın kórinedi.

Bul sózde ǵárezsiz Ózbekstannıń bárshe tarawlarındaǵı barlıq úlken-kishi basshılar, ámeldarlar, ámeldegi nızamlarǵa tolıq ámel qılıwı shárt. Olardı hár qanday jaǵdayda da buzbaslıq kerek, degen pikir jatır.

Ádalat hám teńliktiń qarar tapqan onı abaylap asıraw, turmısta hámmege teń usınıw, keń xalıq turǵınlarınıń ruwxıy ádep-ikramlıq qaraslarına unamlı tásir ótkizedi. Bul insanparwarlıq ruwxında tárbiyalawdıń áhmiyetli shárti. Sebebi Ózbekstandı milliy qádiriyatlar tiykarında jańalawdıń túp hám tiykarǵı maqseti hám insanparwarlıq haqqında hám úrp-ádetlerin qayta tiklew, sonday-aq olardı jańa mánis hám mazmun menen bayıtıw ruwxıy ádep-ikramlıq tárbiyanıń qáliplesiwi hám rawajlanıwında áhmiyeti úlken.

Insanparwarlıq normalarının buzılıwı, ádalat hám teńlikke zıyan jetkizedi. Bul ǵárezsiz mámlekettiń adamlardı ǵárezsizlik ruwxında tárbiyalaw islerin joldan shıgaradı.

Ózbekstan Respublikası Konstitutsiyasınıń 18-stat`yasında sonday delingen: «Ózbekstan Respublikasında bárshe puxaralar birdey huqıq hám erkinlikke iye bolıp, jınısı, milleti, tili, dini, sotsiallıq kelip shıǵıwı, isenimi, shaxsı hám sotsiyallıq dárejesinen qáttiy názer nızam aldında teń»

Demek, diyxan ba yaki jumısshı ma, basshı ma yaki mámleket arbabı ma bárshe nızam aldında teń bolıwı lazım. Mine sonda ǵana nızamnıń abırayı, kúsh-qúdireti jetilisip baradı. Ózbekstan ǵárezsizligin usı ádalatlı hám insanparwarlıq ideyaları menen uyǵarılǵan nızamlar arqalı saqlap qalıw hám bekkemlew múmkin.

Insanparwarlıq-bul, ózbek xalqı milliy ruwxıyatınıń ajıralmas páziyletidur deyydi. I.A.Karimov. Insanparwarlıq keń hám mazmunlı túsinik. Bul ózbek xalkının ajıralmas bólegi sıpatında kózge túsedi. Quranı karim insanparwarlıq

ideyaları tiykarına qurılǵan, Muhammed (s.a.w) hádisleri sol ideyalarǵa bay hikmetler toplamı. Insanparwarlıq adamlardıń bir-birine húrmetinde qádir-kımbatında, mehir aqıbetinde sonday-aq dúńyada mehir-shápáátte, óz-ara kómeklesiwde, basqalar qayǵısına sherik bolıp, quwanıshınan hám baxtınan súyiniwde, xalıq baxtı hám jeńislerienen maqtanısh etiwde kórinedi.

Ulıwma alǵanda ulıwmainsaniy qádiriyatlarǵa sadıklıq ǵárezsiz mámleketimizde ǵárezsizlik tárbiyasının áhmiyetli negizlerinen biri. Bul bolsa, álbette, ruwxıy ádep-ikaramlıq tárbiya menen baylanıslı.

Xalqımzdıń ruwxıy miyrasın bekkemlew hám rawajlandırıwda ayrıqsha itibardı kúsheytiriw ǵárezsiz mámleket hám xalıqtıń tiykarǵı maqseti. Bul tuwrısında I.A.Karimov «xalıqtıń mánawiy ruwxın bekkemlew hám rawajlandırıw Ózbekstanda mámleket hám jámiyettiń keń áhmiyetli wazıypası», dep tálim beredi.

Ruwxıy miyras, yaǵnıy ruwxıylıq degende, birinshi gezekte, milliy azatlıq hám ǵárezsizlik tuyǵısın túsiniw lazım. Oraylıq Aziya tirretoriyası ertede Xorezim, Turan, Túrkstan sıyaqlı atlar menen atalǵanı tariyxtan belegili. Ol kópshilik dáwirde ǵárezsiz jasagan. Bul túrkiy xalıqlar qaramlıqta hám qullıqta jasaǵanı da sır emes. Lekin, bul xalıq óz dáwirinde azatlıq hám ǵárezsizlik ushın mártlershe gúres alıp bargan.

Ǵárezsizlik bul bizge ata-babalarımız qaldırǵan bay hám muqaddes ruwxıylıq. Usı ruwxıylıqtı asırap-abaylap mámleket áhmiyetine iye bolǵan wazıypa. Bul wazıypanı orınlawda hám sheshiwde jaslar hám pútin xalıq ańına ǵárezsizlik ruwxın sindiriw júdá úlken áhmiyet beredi. Sebebi, joqarıda aytqanımızday ruwxıylıq insan ushın júdá zárúr nemat, onnan azıq alalmaǵan adam qamal tappaydı. Sonıń ushın ata-babalarımız perzentlerdiń ruwxıy tárbiyası, hám ruwxıy kamalatı tuwrısında bárhama qayǵırǵan, jaslar tárbiyasında bolsa, tap usı nársege úlken áhmiyet bergen.

Ruwxıylıq degende, tuwılǵan hám ónip ósken muqaddes jer, shańaraq, ata-ana, perzentler, tuwısqan-tuwǵanlar, qońsılar, máhálle, xalıq sonday-aq ǵárezsiz mámleketke xúrmet hám sadıqlıq. Insanlardıń qádir-qımbatın orınına qoyıw, bir-birewge hám máleketke isenim, babalarımız qátiresi, iyman hám hújlan, diyanat, watan qorǵaw, hám miynetkeshlik, mehir-aqıbet, miyrim-shápáát, azatlıq hám erkinlik, biradarlıq sıyaqlı úrp-ádetlerimizdi, qádiryatlarımızdı ańlaw zárúr. Insandı insan dep ataw usılardan kórinedi.

Insannıń insanparwarlıq páziyleti ózin, óz xalqı perzenti sıpatında seziniwi, onı dep miynet etiwi, onıń pidaysı bolıwı menen bahalanadı hám sol páziylet onı mánawiy dárejesin kórsetedi. Ruwxıy bay adam abıray, materiallıq baylıq ushın háreket qılmaydı, matriallıq qıynshılıqlarǵa dus kelgende qatta búgilmeydi, geyde shólkemlestirilgen aldaw hám pitneler onıń ruwxın túsire almaydı.

Ruwxıylıqtı qádirlew, onı qorǵaw, asırap-abaylaw keleshekke úmit baǵıshlaydı. Xalıqtıń joqıra ruwxıylıǵın úgit-násitlawda pán hám mádeniyat, ádebiyat hám kórkem óner áhmiyetli fator bolıp xızmet etedi. Usı oında alımlar hám sóz ustaları hám kórkem óner iyeleriniń miyneti ayrıqsha aytıw lazım.

Hár qanday dástúr hár bir xalıqtıń milliy ózgesheliginiń negizin quraydı. «Dástúr hár bir xalıqtıń júrip ótken jolı» deydi Mixluko-Makalay. Adamzat óz tariyxında jaqsı hám jaman hádiyselerdi basınan keshirgen. Sonıń ushın da jaqsı hádiyselerdi ózine dástúr sıpatında qabıl etken. Jaman hádiyselerden qashqan. Máselen, hár bir xalıqtıń ózine qonımlı kiyimlerdi kiyiwi-dástúrge aylanǵan. Óli jayǵastırıw, toy baslaw hám taǵı basqa da ózlerine zárúr bolǵan jıyın, saltanatlardıń rejelerin dúzip shıqqan. Bunday rejeler hár bir xalıqta da bar. Lekin bular hár bir xalıqtıń saltına qaray ajıraladı. Sonıń ushın da dástúr adam balası tuwılǵan kúnnen baslanadı.

Qaraqalpaqlardıń dástúrinde jańa tuwılǵan balaǵa besik hám átkónshek sazlanadı. Erte dáwirlerdegi dástúr boyınsha jańa tuwılǵan balaǵa besikti ana (yaǵnıy kelinshektiń tórkini), nárosteniń dayı jurtı alıp keletuǵın bolǵan. Házir

bul dástúr tolıq saqlanǵan dep aytıwǵa bolmaydı. Geyde bir tárep, geyde ekinshi tárep tayarlaydı. Náreste tuwılǵannan keyin kindigin kesken adam (kempir yaki kelinshek) kindik sheshe esaplanadı. Burın kindik shesheler de ádewir húrmetlengen. Qoy, ılaq, kiyim inam etilgen. Sol balaǵa baylanıslı jıyınlarda áke-sheshesinen keyin úshinshi orında iyelegen. Bunnan keyin bala besikke bólenip, shashıw toy berilgen. Besik házir de bar. Biraq onıń ornın ayırım jerlerde kolyaska iyeleydi. Besik - aǵashtan jonıp islenedi, balanı ishine bólep, terbetip uyqlatatuǵın dáske. Onıń úlgileri házirde kóp. Besiktiń bala tárbiyalaw ushın birneshe paydalı tárepleri bar. Burın qaraqalpaqlar yarım otırıqshı bolǵanı ushın da kóbirek qara úylerde jasaǵan. Qara úy qıs kúnleri suwıq boladı. Sonlıqtan da jas balanı awırıwdan aman alıp qalıw ushın ıssı saqlaw qıyın. Eger besikke bólense bala tońbaydı. Bunnan tısqarı nárestelik gezlerdiń kópshiligi uyqıda ótedi. Besik uyqlaw ushın qolay. Ekinshiden náreste úlken yaki kishi dáretlerge shıǵıw uqıbına iye emes. Onı juwaman dep júrgende ayazlatıp alasań. Sonıń ushın besikti qolaylastırǵan túbek penen súmekler bul máselege de járdem beredi. Úshinshiden, besikte jatqan balanıń ayaqları dúziw, tegis bolıp ósedi. Sol jaǵınan qaraǵanda da besik nphysical nárestelar ushın qolaylı. Bala besikke salınǵannan keyin «besik shashıw» berilgen. Bul «shashıw toy» dep te ataladı. Bunday toydı hár kim óz halına qarap bergen. Ayırım bay adamlar úlken saltanat qurǵan. Kópshiligi awıldıń bala-shaǵalarına ǵana ziyapat bergen. Bunıń negizi qayaqtan shıqqanlıǵın bilmeydi. Biraq shashıw toydıń negizgi awqatı sarı mayǵa uwılǵan maysók bolǵan. Qaraqalpaqlar maysókti ırım sıpatında qollanıladı. Jas bala tuwılǵanda uzaq jarıslarǵa shabatuǵın bedew atlarǵa, palwanlarǵa beriledi. Bul ırımnıń da bir-biri menen baylanısı bar sıyaqlı. Jas balanı da uzaqqa shabatuǵın tulpar sıyaqlı seyislep atırmız dep oylasa kerek.

Bala eki jasqa shıqqanda apıl-tapıl júre baslaydı. Mine usı payıtta balanıń ayaǵın jip penen tusawlap, jipti pıshaq penen kesedi. Sóytip: «seniń tusawıń

kesildi, endi jıǵılmay júretuǵın bolasań» -degen sózdi aytadı. Usıǵan baylanıslı jas balanı tárbiyalawǵa baǵıshlanǵan basqa da ırımlar bar. Máselen, náreste ushın «iyt kóylekti» kóp jasaǵan kempirlerge tikkiziw, balanıń tusawın shabandoz hám palwan adamlarǵa kestiriw hám basqa da itibarlı dástúrlerdi atap ótiwge boladı. Eger ayrım sebepler menen balanıń anasınan sút shıqpay qalǵanda júdá itibarlı emiziwli hayallardan ekinshi ana tayınlaǵan. Bul hayal da balanıń ekinshi anası esaplanǵan. Ekinshi ana tek súti ushın ǵana emes, al onıń haslı zatına da ádewir itibar berilgen. Er balalar bes jas penen jeti jas aralıǵında súnnetlengen. Bul saltanatqa arnalıp «súnnet toy» berilgen. Solay etip, dástúrge sadıq bolıw jaslıq tárbiyadan baslanadı. Xalıq arasında jas úlken qolın sozbasa da oǵan qol alıp juwırıw jaǵdayları bar. Biraq bul durıs emes. Jas úlkenge eń birinshi sóz arqalı «Assalawma áleykum» - dep sálem beriwi, jas úlkenniń buǵan juwap qaytarıwı lazım. Eger ol qolın sozǵan jaǵdayda ǵana qolınan alıw kerek.

Insan mánawiy ruwxına tásir etiwde hám ruwxıylıǵın bekkemlewde Tálimniń roli júdá úlken. Tálim tiykarınan mektepte, orta arnawlı bilim jurtlarında, joqarı oqıw orınlarında ámelge asırıladı. Usı orınlarda muǵallimler, professor-oqıtıwshılar xızmet qıladı. Demek, tálim muǵallimler professor-oqıtıwshılar xızmeti menen baylınıslı. Tálimniń qay dárejede beriliwi olardıń ilimi, bilimililigi muǵallimlik sheberligi usılınıń ráń-báreńligine baylanıslı.

Muǵallimler sheberligi bilimi sebepli jas áwlad tereń bilim iyeleydi basqasha aytqanlda olardıń ruwxıylıǵı, ruwxıy ádep-ikramlıq qarasları jaslarǵa ótedi. Bul xalıq tálimi isshilerge ǵamxorlıq etiwi olardın sharaplı miynetlerine tuwrı hám professor-oqıtıwshılar ádil baha beriwdi hám de xoshametlewdi talap etedi. Ulıwma bilim beriw mekteplerinde tárbiya islerine áhmiyet beriw dástúriy ruwxıylıqtı rawajlandırıw, qáliplestiriw hám jetilistiriwdiń jetekshi hám tiykarǵı faktorı. Negizinde tálim hám tárbiyanı bir-birinen ajıratıp bolmaydı. Bul

is dialektikalıq birlikte alıp barıladı hám ámelge asırıladı. Bizninshe tárbe páne deregi quralı ám metodologiyası sıpatında muqaddes Quranı karim hám Muhammed (s.a.w) hádislerine sonday-aq Az-Zamaqshariy, Imam Buxariy, At-Termiziy, Naqshband, Ahmed Yassawiy, Sulayman Baqırǵaniy sıyaqlı alımlardıń shıǵarmaları hám úgitlerine tayanıw lazım. X hám XVI ásirlerde Ózbekstan tirretoriyasında pán hám mádeniyat gúllep jasnaǵan dáwirlerde usınday jol hám usıldan keń paydalanılǵan. Bul tariyxta eń sınalǵan múbárek tájiriybe. Bul kitaplarda hám miynetlerde ruwxıylıq máselesi birinshi dárejege kóterilgen yaǵnıy mánawiyat kamalatın tálim-tárbiyasız kóz aldımızǵa keltiriw múmkin emes.

Ullı alımlarımızdan Abu Iso Muhammad at-Termiziy hádislerinde de miynetke joqarı baha beriledi. Ol insan  miynet qılıp nege erisse, ol óziniki bolıwı lazım degen pikirdi alǵa súredi. Sonday-aq ol aytadı: «Kim taslandıq jerdi abat etse, bul jer sonıń jeri boladı. Bul jerde zalım kisiniń (hátte) ter tógiwge de haqısı joq».

Jaslardı miynet ruwxında tárbiyalaw. Yaǵnıy olarda miynet qılıw ádebin qáliplestiriw hám kónlikpeler payda etiwdiń júdá kóp túrleri bar. Miynet teması jaqsı súwretlengen kórkem shıgarmalardı jámáát bolıp oqıw, olardı klasta yamasa klasstan tıs shınıǵıwlarda kórip shıgıw, usı miynet qaharmanları menen sol jerdegi miynet qaharmanları xızmetin salıstırıw, miynetke qatnasın qáliplestiriwde úlken áhmiyetke iye. Ásirese  sol jerdegi miynet qaxarmaları menen ushırasıw kesheleri shólkemlestiriw, olar menen miynet temasında sáwbetlesiw shólkemlestiriw jaslarǵa jánede natiyjeli tásir kórsetedi.

Miynet tarbiyasınıń hesh bir túrin názerden shette qaldırmaslıq kerek: úy ruwzger miynetleri (isleri), qońsı-qobalarǵa járdem, sharwashılıqtaǵı miynet, ulıwma awıl-xojalıgındaǵı miynet, zavod hám fabrikalardaǵı miynet-bulardıń bári fizikalıq miynetke kiredi. Sonday-aq aqılıy miynetlerdiń de ózine tán

qásiyetlerin óziniń kóbinese bilimi hám sheberligi menen, tafakkur, múnasibet penen baylanıslı ekenligin názerden kashırmaslıq zarúr.

Ózbek xalqı ómiri boyı miynetti qádirlegen hám bunı ámede qollanǵan. Bul xalıq házir de miynetti súyedi, miynetsiz turmıstı kóz-aldına keltire almaydı. Lekin olarǵa óz imkaniyatarın qollaw iske salıw ushın shárt-sharayat zárúr.

Juwmaqlap aytqanda Ózbekstanda ǵárezsizlik belgilengennen soń tashabbuskarlarǵa, isbilermenlerge, Watan pidayılarına hár tarawda óz imkaniyatların iske salıwǵa keń jol ashıldı. Lekin bul is tek xalıq parawanlıǵı, baxıt-saadatı, shaxsiy hám mámleket mápleri tiykarına qurılıwı lazım. Bulardıń bari belgilep qoyılǵan nızamlar sheńberinde alıp barılıwı kerek. Onıń ólshemi páklik hám hadallıq. Ǵárezsiz mámleketimiz tiykarǵı printsipi páklik hám hadallıq penen ajıralıp turadı.

Xalqımızda «Watan-astanadan baslanadı» degen naqıl bar. Insan jumısqa ketse, jumıstan keyin óz úyine bala-shaǵası aldına asıǵadı. Úyinde bala-shaǵası jananda ulıwma shańaraǵında dem-aladı, ráhatlenedi.

Insan shet elge bir jumıs yaki zárúr isler menen saparǵa ketse ol tez Watanın, xalqın saǵınadı. Muqaddes jerimizge talpınıp, tezirek qaytıp keliwge asıǵadı. Qaytıp kelgen soń kókiregine ıssı shamal tiygendey ráhatlenedi. Jeńil nápes aladı. «Ózge ellerdiń patsha bolǵansha, óz elińde shopan bol» degen sózdiń mánisine jetedi. Bunday insanda watanparwar deydi.

Haqıyqıy watanpárwar atın alıw ushın insanǵa júdá úlken juwapkershilikli ruwxıy-ádep-ikramlıq wazıypalar júklenedi. Ápiwa miynetkesh diyxandı yaki zavod, fabrikalarda, qurılsılarda miynet qılıp atırǵan ápiwayı isshilerdi haqıyqıy watanpárwar dep aytıw múmkin. Sebebi olar bárhama hár qanda jaǵdayda da miynet qıla beredi. Ol dáslep óz bala-shaǵasın, úy-rwzger pútinligin oylaydı hám Watanǵa, xalıqqa materiallıq baylıq keltiredi. Birewlrge ashıwlanıp, bizge jaman basshı keldi dep miynet etiwdi tárk etpeydi, basqa jaylarǵa kóship ketip,

ózine tınıshıraq orın tabıwdı oylamaydı. Qanday bolıwınan qattiy názer tuwılıp ósken awılın, qalasan, basqasha aytqanda kindik qanı tamǵan jer- Watanın tárk etpeydi.

Watandı súyiw degende xalıqtıń mádeniyat tariyxın biliwge umıtılw, onı tarǵıp qılıw hám ańlaw lazım. Ata-babalarımızdıń jasaw tárizi, itiqadı, mádeniy hám tariyxıy estelikleri, olar kim tárepinen qurılǵanı hám qaysı memor sanatına tánligi, ádebiyat hám kórkem óner tariyxı, pán hám pán arbabları haqqındaǵı maǵdawmatlar, olardıń jaratqan ilimiy miynetleri xalıq dóretiwshiligi úlgileri, tálim-tárbiya dástúrleri hám sol sıyaqlılardı xalıq sanasına sińdiriw sıyaqlı ushırasıwlar, milliy maqtanıshımızdı jáne de qáliplestirwge, rawjlandırıwǵa ilhamlandıradı. Xalıq dóretiwshiligi quramın taptırıwǵa ruwxlandıradı.

## Juwmaq

Biz bul jumısımızda bala tárbiyasına qatań dıqqatlı bolıp, onıń dúńyaǵa keliwinen, basınan, yaǵnıy jaslıǵınan itibar beriwdi izertlewdi ózimizdiń magistrlik isimizdiń wazıypası dep esapladıq.

Haqıyqatında da «Qus uyasında kórgenin qıladı» degenindey, bala qálbi kórgen nársesine eliklep baradı. Bul jaǵday balanıń esi kirip kiyatırǵan, bala aqılın tanıp atırǵan dáwirge tuwra keledi. Biraq bala tárbiyasına onnan da erterek itibar beriw maqsetke muwapıq. Ráwiyatlarda, ullı babamız, meditsina iliminiń bilimdanı Ibn Sinodan jas ata-ana bala tárbiyasında masláhat sorap kelipti. Sonda danıshpan: «perzentińiz neshe kúnlik boldı» dep soraptı. Ata-ana balasınnıń endi ǵana qırıq kúnlik bolǵanın aytıptı. Ibn Sino jas ata-anaǵa qarap: «bala tárbiyasına qırıq kúnge keshigipsizler» depti. Ráwiyat ráwiyat, biraq bala tárbiyasına ele perzent tuwılmastan-aq kirisiw kerekligi turmısımızda dálillengen. Mámleketimiz bul tarawdaǵı islerge itibar berip atırǵanına gúman jok, kóp balalı analarǵa ayrıqsha jeńillikler hám qolaylıqlar jaratqan bolıp, materiallıq járdemdi jıl sayın kóbeytip barmaqta, biraq bundaǵı islerge házirgi waqıtta itibar da dáwir talabı dárejesinde emesligi aytılmaqta. Mashqalanı sheshiw sharaları belgilenbekte. Ásirese, balalar tárbiyası orayları máseleleri materiallıq bazalardı bekkemlew zárúrligi aytılmaqta. Bulardıń bári keleshegimiz bolǵan balalardıń salamat, jetik insanlar bolıp jetiliwinde úlken rol` oynaydı. Sebebi mámleketimiz balaların miynetsúygish, ádep-ikramlı, xosh mámile, rasgóy, pák qálibli, watanpárwar, ulıwma, insaniy páziyletlerdi iyelewinen mápdar. Áne sol insaniylıq dúrdanaların balalarǵa sińdiriwde shańaraq úlken rol` oynaydı.

Demek solay eken balalar insaniylıq álippesin dáslep shańaraqta úyrenedi. Ata-analar balanı basınan tuwrı tárbiyalasa, adamıylıq  qásiyetlerin qúnt penen sińdirip barsa, gúmansız olar jetik bárkamal insan bolıp jetilisedi. Sonıń menen birge tárbiyanıń júdá kóp tárepleri bar, olardı jetilistirip barıw dárkar. Balar

baqshaları, yasliler, mektep, shańaraq jámáátshiliginiń birlesken kúshi menen bul turmıslıq másele sheshiledi. Bul faktorlardıń birewiniń áhmiyetin kemeytiriw múmkin emes. Olardıń hár qaysısınıń óz ornı bar. Ásirese hár bir xalıqtıń bala tárbiyasındağı dástúrleri úrp-adetleri, salt-sanası bala tárbiyasında úlken rol atqaradı. Ol balağa ústem perzentlik ğana emes, azamatlıq, milletparwarlıq qásiyetlerin bekkem qáliplestiredi

Mine usılardan biri esaplanğan shańaraqtı alıp kóreyik. Shańaraq birinshi tárbiya ornı esaplanadı. Sonıń ushın shańaraq ağzalarına  júdá kóp juwapkershilik júklengen. Bul tarawda ata-ananıń roli jáne de ayrıqsha. Tiykarğı awırlıq hám juwapkerlik olardıń moynına túsedi. Sonıń ushın ata-ananıń jámiyet aldındağı eń úlken hám birinshi wazıypa balarına tuwrı tárbiya beriw. Sebebi balalar ata-ananıń kóz aldında úlkeyedi, dáslepki kónlikpe, tárbiya qásiyetlerin solardan aladı hám úyrenedi. Tárbiyada mayda-shúyde degen nárseniń ózi bolmaslıq kerek. Xalıq naqıllarında aytılğan «ata-ananıń wazıypası perzentti dúńyağa keltirgeni menen emes, bálki jaqsı tárbiya bergeni menen belgilenedi». Demek, ata-ana perzentlerin miynetsúygish, ádep-ikramlı bolıwı ushın hámme qurallardı iske salıwı kerek. Bunıń ushın dáslep olardıń ózleri jaqsı páziyletleri menen órnek bolıwı kerek. Órnek kórsetiw, - dep bizde ol násiyatqa qarağanda, hámme waqıt kúshlirek tásir qıladı. Hesh gúmansız bul turmıslıq juwmaq júdá orınlı. Mine, kóz aldıńızğa keltiriń, ózińiz tańlap, isjaqpas, erinsheklik kılıp, miynetsúyiwshilikten qashıp,  ótirik aytsańız, siz kórgen nárseniń kerisi shığadı. Yaki awzıńızdan aq iyt kirip kók iyt shıqsa, balańızdan shiyrin sózdi talap qılsańız, bul orınsız. «Áwel ózińe baq, deydi dana xalqımız,- keyin nağara qaq». Sonıń ushın úlkenlerdiń hár bir is-háreketi, olardıń hár bir sózi, hátteki qılıqları da jaslarğa tez tásir qılıp, soğan elikleydi. Sonıń menen qatar balalar menen múnásibet tikkeley, qatnas, aymalaw, súyiw, xoshametlew úlgi kórsetiw hámme waqıt alıslamay tárbiyalay beriw júdá áhmiyetli. 2013-jılı AiF gazetasında

professor A.Buxanovskiydiń «Vse mojno neprovit» degen maqalasında, «Jaqında televizordan reklamada balanıń qolına kiygizetuǵın apparat kórsetilgen. Bala oynap júre beredi, anası alaǵada bolmaydı, sebebi onıń qayda júrgenin kórip otıradı. Ol endi aynadan qarap, yamasa onı shaqırıp turmaydı. Onda óziniń balasına sezimlik jıllılıq, qayırqomlıq joyıladı. Al ol keyin ósedi hám ata-anasın ǵarrılar úyine tapsırıp, olardıń jaǵdayın texnika arqalı bilip otıradı» degen gápinde úlken máni bar bolıp balanıń mehribanlıǵına kesent beredi

Haqıyqatında da, shańaraqtaǵı mánawiy sharayattı qáliplestiriw, perzentler tárbiyasında barkamallıqqa erisiwde ata-babalardan qalǵan ullı miyrastı, yaǵnıy úrp-ádetlerdi, salt-dástúr hám qádiriyatlarımızdı qanshelli shańaraqta, perzentler sanasına sińdirsek jas áwladtı hár tárepleme kámil insan bolıp jetisiwine jaǵday jaratqan bolamız. Búgingi kúnimizdiń, mámleket siyasatındaǵı bul baradaǵa tiykarǵı wazıypalardan, dep túsiniwdi talap etedi. Sebebi, búgin kúnniń talabına juwap beretuǵın áwladtı tárbiyalaw bárshemizdiń moynımızǵa joqarı juwapkershilikti júkleydi.

Pikirimizdi ulıwmalastırıp ayıtqanda, mámleketimiz basshısınıń tómendegi sózlerin ayrıqsha aytıp ótpekshimiz: «Jańalanǵan demokratiyalıq jámiyet imaratı, eń dáslep, kim ushın qurılıp atır? Óz xalıqımız, óz perzentlerimiz ushın, álbette».

# PAYDALANILǴAN ÁDEBIYaTLAR DIZIMI:

## Prezident miynetleri:

1. Prezident Sh.Virziyoevtiń "Mektepke shekemgi tálim sistemasın basqarıwdı jetilistiriw is-ilajları haqqında" ǵı PQ 3955 sanlı qararı. 2018-jil 30 sentyabr

2. Mirziyoev Sh. «Erkin hám abadan, demokratiyalıq Ózbekistan mámleketin márt hám ullı xalıqımız benen birge quramız» Erkin Qaraqalpaqstan 17-dekabr` 2016-j.

3. Mirziyoev Sh. «Milletlerara doslıq hám awızbirshilik xalıqtıń tınıshlıǵınıń hám abadanlıǵınıń áhmiyetli faktorı» Erkin Qaraqalpaqstan 26-yanvar` 2017-j.

4. Mirziyoev Sh.M. "Buyuk kelajagimizni mard va oliyjanob xalqimiz bilan birga quramiz". –T.: Ózbekiston O'zbekiston, 2017.

5. Mirziyoev Sh.M. "Qonun ustuvorligi va inson manfaatlarini táminlash yurt taraqqiyoti va xalq farovonligining garovi". –T.: O'zbekiston, 2017.

6. Mirziyoev Sh.M. "Erkin va farovon, demokratik O'zbekiston davlatini mard va oliyjanob xalqimiz bilan barpo etamiz". –T.: O'zbekiston, 2017.

7. Mirziyoev Sh.M. "Tanqidiy tahlil, qatiy tartib intizom va shaxsiy javobgarlik har bir rahbar faoliyatining kundalik qoidasi bólishi kerak". –T.: O'zbekiston, 2017.

8. 2017-2021 yillarda O'zbekiston Respublikasini rivojlantirishning (beshta ustuvor yónalishi buyicha Harakatlar strategiyasini "Xalk bilan mulokot va inson manfaatlari yili"da amalga oshirishga oid Davlat dasturini órganish bóyicha ilmiy uslubiy risola. –T.: Mánaviyat, 2017.

9. "Ózbekiston Respublikasini yanada rivojlantirish bóyicha Harakatlar strategiyasi tógrisida"gi O'zbekiston Respublikasi Prezidenti Farmoni. 2017 yil 7 fevral. PQ – 4947.

10. I.A. Karimov «Joqarı mánawiyat – jeńilmes kúsh». – Toshkent: “Mánaviyat”, 2008.

11. I.A. Karimov «Istiqlol va mánaviyat». – Toshkent: O’zbekiston 1994.

12. I.A. Karimov «Óz keleshegimizdi óz qolımız benen qurıp atırmız» Nókis. «Qaraqalpaqstan» 1999

13. I.A. Karimov «Milliy istiqlol mafkurasi – xalq e`tiqodi va buyuk kelajakka ishochdir». Toshkent. «O’zbekiston » 2000.

14. Karimov I.A. O’zbekiston buyuk kelajak sari. // O’zbekiston iqtisodiy islohotlarni chuqurlashtirish ywlida. -T.: O’zbekiston, 1998.

15. Karimov I.A. O’zbekiston XXI asrga intilmoqda. – T.: O’zbekiston, 1999.

**Kitaplar, monografiya hám oqıw qollanbaları:**

1. Bazarbaev J. Dáwletova Q. Ádeptanıw. N. «Bilim». 1992j.

2. Bazarbaev J. Milliy ideya - jol kórsetiwshi juldız. N. «Qaraqalpaqstan». 2011j.

3. Bazarbaev J. Ruwxiyatımız marjanları. N. «Bilim». 2008j.

4. Ruwxıylıq tiykarları. Oqıw qollanba. N. «Bilim». 2009j.

5. Álewov Ó. Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı. N. «Bilim». 1993

6. Qayırbaev J. Tárbiya haqqında oylar. N. «Bilim». 1991j.

7.Obidov M. Odob-ahloq - mánaviyat buloǵi. T. 1991y.

8.Alımov Á. Bilimdi jańalaw - dáwir talabı. N. «Bilim». 1996j.

9. K.Mámbetov Qaraqalpaqlardıń etnografiyalıq tarixı Nókis. Qaraqalpaqstan 1991

10. J.Bazarbaev, Ǵ.Xojaniyazov, R.Bazarbaev Áyyemgi Oks dár`yasınıń tómenindegi zardushlik dininiń izleri. N.Qaraqalpaqstan 2007

11. Qaraqalpaq xalıq etopedagogikası Nókis. Bilim 2010

12. Qaraqalpaq fol`klorı Nókis Qaraqalpaqstan 1981

13. Qaraqalpaq awız eki dóretpeleri Nókis Qaraqalpaqstan 1990

14 Álewov Ó. Ámir Temurdıń jámiyetlik-filosofiyalıq hám tálim-tárbiyalıq oy-pikirleri. N. «Bilim». 1997j

15. Xojaeva L. Tarbiya progressiv ańanalaridan foydalanish. T. 1997y.

16. Afzalov M. Uzbek xalq ertaklari haqida. Toshkent. Fan, 1984.

17. Aleuov U. Stanovlenie i razvitie pedagogicheskoy mısli v Karakalpakstane. Nukus. «Bilim».1996

18. Aleuov U. Ertedegi túrk jazıwlarındaǵı tálim-tárbiyalıq kóz-qaraslar. Nókis. «Qaraqalpaqstan». 1994

19. Alewov U. Qaraqalpaq xalqınıń etnopedagogikası. Juwaplı redaktorı. prof. U. Alewov. Nókis. «Bilim» 1995

20. Bozorova M.K. Kichik eshdagi maktab wquvchilarida dustlik, urtoqlik xissini tarbiyalashda xalq ańanalaridan foydalanish. T.1994.

21. Jumaeva. X. Fol`klor va tarbiya. Toshkent. Uqituvchi,1980.

**Dáwirlik baspalar:**

1. Rashidov A. Milliy ańanalar-tarbiya manbayi. //Xalq tálimi.1992. № 1.

2. Alewov U. Fol`klor-qaraqalpaq xalıq pedagogika//Ámiwdárya. 1972 № 6.

3. Imonova M. Xalq pedagogikasi-oilada balalarning ánaviy-axloqiy fazilatlarini shakllantirishning muxim vositasi. // Xalq tálimi jurnali.1995. №5

4. Ámirlan S.E Bóbeklik dáwirge tiyisli geypara salt túrleri: orınashar, jolashar hám tilashar. N. «Ilim hám jámiyet» jurnalı. 2012j 1-2sanı

**Internet - xabar derekleri:**

1. www.manaviyat.uz

2. www.ziyonet.uz

3. www.pedagog.uz

4. www.islom.uz

5. www.ref.uz